**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ ЎӘЗИРЛИГИ**

**ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ**

**Қол жазба ҳуқықында**
**УДК ______**

**Шилманов Алибек Азат улы**

**«Қарақалпақстанның 1946-1980-жыллардағы социал-экономикалық ҳәм мәдений турмысы тарийхын үйрениў» темасында**

**5А110601-Социал-гуманитар пәнлерди оқытыў методикасы (тарийх) Магистр академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған**

# ДИССЕРТАЦИЯ

Илимий басшы
тарийх илимлериниң докторы
проф. Б.Шамамбетов

**Нөкис-2017**

МАЗМУНЫ


| | | |
|---|---|---|
| **Кирисиў** | | 3 |
| **Биринши бап** | Екинши дүнья жүзлик урыстан кейинги 1946-1980-жылларда республиканың халық хожалығын раўажландырыўда Қарақалпақстан ҳүкиметиниң социаллық ҳәм экономикалық турмысын көтериўге байланыслы ҳүкиметимиз тәрепинен көрилген шаралар | 14 |
| **1.1.** | Урыстан кейинги халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажландырыў жылларында республика ҳүкимети тәрепинен көрилген шаралар: жетискенликлер ҳәм машқалалар | 14 |
| **1.2.** | Урыстан кейинги жылларда республикадағы социаллық экономикалық тараўдағы өзгерислер ҳәм оны жақсылыўға байланыслы көрилген иләжлар | 28 |
| **Екинши бап** | Урыстан кейинги халық хожалығын тиклеў жылларында республика санаатын, транспорт тараўларын ҳәм аўыл хожалығын раўажландырыўда көрилген иләжлар | 38 |
| **2.1.** | Урыстан кейинги жылларда республиканың санаатын, қурылысын ҳәм транспортын раўажландырыўда көрилген шаралар: нәтийжелер, қыйыншылықлар | 38 |
| **2.2.** | Қарақалпақстанның баслы тараўы болған аўыл хожалығының жағдайы ҳәм оны раўажландырыўда ҳүкиметимиз тәрепинен көрилген иләжлар: табыслар ҳәм машқалалар | 51 |
| **Үшинши бап** | Урыстан кейинги 1946-1980-жылларда республикада билимлендириў, илим ҳәм мәдений турмысын үйрениў тарийхы | 64 |
| **3.1.** | Урыстан кейинги халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажландырыў жылларында республикада билимлендириў ҳәм илимге болған талаптың күшейиўи: табыслар ҳәм машқалалар | 64 |
| **3.2.** | Урыстан кейинги тиклениў жылларында мәдений ҳәм көркем өнер турмысымызда жүз берген тарийхый өзгерислер: жетискенликлер ҳәм қыйыншылықлар | 75 |
| **Жуўмақлаў** | | 87 |
| **Пайдаланылған әдебиятлар** | | 91 |

# КИРИСИЎ

Қарақалпақстан республикасының ҳүкимети урыстан кейинги жылларда халық хожалығын тиклеў, раўажланыў ҳәм беккемлениўде халық хожалығының барлық тараўларын талапқа ылайық әсиресе иске асырыўға жетерли әҳмийет берилгенлигин көремиз. Экономикалық ҳәм садықлық раўажланыўдың, миллий доходтың өсиўиниң, халықтың турмыс дәрежесиниң артыўының, халықты азық-аўқат өнимлери, ал санаатты – шийки зат тәмийинлеўдиң табыслы болыўы көп дәрежеде халық хожалық өндирисиниң жағдайларына байланыслы болады.

Колхоз-совхоз өндирисиниң артта қалыўы объективлик ҳәм субъективлик себеплерге байланыслы болды. Раўажланыўдың экономикалық нызамлары, көтериўде, жәмийетлик ҳәм жекке мәплерди дурыс үйлестириўде аўыл мийнеткешлериниң материаллық қызығыўшылық принциплери толық ислемеди.

Сондай-ақ басқарыўдағы субъективизм де әдеўир дәрежеде басым еди, бул нәрсе режелестириўде, қаржы бөлип шығарыўда, сондай-ақ баҳа сиясатында үлкен кемшиликлерге алып келди. Материаллық-техникалық базаның беккемлениўи төмен болды. Аўыл хожалығын раўажландырыўдың конкрет шараларын тәмийинлеў ушын жоқарыдан административлик қысым жасаў традициялары иркиниш жасады. Басқарыўшы органларды тийкарсыз өзгерте бериў жумыс орынларында жуўапкерсизлик ҳәм ашыўланыўшылық жағдайларын пайда етти. Усылардың ҳәммеси аўыллардың экономикалық, социаллық, сиясий ҳәм адамгершилик жағынан раўажланыўының төменлениўине алып келди.

Қарақалпақстан ҳүкимети 60-жыллардың екинши ярымынан баслап экономикалық ҳәм социаллық процесслерге илимий басшылық етиўге үлкен әҳмийет бере отырып, жиберилген кемшиликлерди тезирек дүзетиў, субъективизмди сапластырыў ҳәм халық хожалық өндирисин раўажландырыўда түпкиликли өзгерислерге ерисиў, басқарыў усылларын

жетилистириў, өндирис коллективлери менен ҳәр бир аўыл мийнеткешиниң жәмийетлик және жекке мәплерин дурыс үйлестириў ўазыйпасын бас бағдар етип алды. Қабыл етилген экономикалық ҳәм хожалық халықлары аўыл хожалық өндирисин раўажландырыўға белгили дәрежеде қозғаў салғаны менен, қәлиплесип қалған экономикалық структуралардан шығып кете алмады.

Республикамыз усы дәўирдиң ишинде аўыл хожалық өндирисин раўажландырыў ҳәм беккемлеўде айтарлықтай табысларға еристи. Ири қаржы бөлип шығарыўдың артыўы, планластырыўдағы өзгерислер менен колхозлар менен совхозлардың материаллық-техникалық базаларының беккемлениўи, массалық, жоқары ҳәм орта билимге ийе маман кадрлар таярлаўға үлкен әҳмийет берип, аўыл хожалығына билимли, маман қәнигелер таярлаў жумысларына жетерли әҳмийет берди. Кадр таярлаў, басқарыўдың жақсыланыўы ҳәм колхозлар менен совхозларға үлкен хожалық еркинлигиниң берилиўи автономиялы республика аўыл хожалығының экономикасының буннан былай да көтерилиўин тәмийин етти.

Пахташылық ҳәм салыгершилик тараўларында табысларға ерисилди. Комплексли механизацияның, электрлестириўдиң кеңнен енгизилиўи, алмаслап егиўдиң қолланылыўы, селекция жумысының жақсыланыўы, мақсетке муўапық алып барылған кадрлар сиясаты, қысқасы усындай факторлардың толық емес дизими аўыл хожалық өндирисиниң, соның ишинде мал шарўашылығы, пиллешилик, палыз егинлери, бақшылық ҳәм басқада тараўлардың раўажланыўына мүмкиншилик берди.

Усы жылларда аўыл хожалығын тиклеўге ҳәм раўажландырыў мақсетинде Өзбекстанның жәрдеми менен республикаға көплеп техника, минерал төгинлер алып келдинди. Солай етип халық хожалығының аўыр тараўының бири болған аўыл хожалығымыздың материаллық-техникалық базасын қурыўға ҳәм беккемлеўге мүмкиншилик туўдырылды.

Республикаға 60-жылларда ҳәр жылы халық хожалығына керекли техникалар, аўыл хожалығы ушын 700 сүрим, 1500 пропашной тракторлар, көп санда бульдозер, скрепер, автомашилар ҳәм басқада ҳәр түрли техникалар, керекли майда техника бөлеклери алып келинди. Бул жумыслардың нәтийжели болыўы ушын республикада «Өзсельхозтехника» басқармасы ҳәм районларда оның бөлимлери шөлкемлестирилди. Усы көрилген иләжлар нәтийжесинде республикада пахташылық пенен бирге, шарўашылық ҳәм салыгершиликтиң талапқа ылайықлы раўажлана баслағанлығын көремиз. Әсиресе бул жылларда пахташылықты раўажландырыўға үлкен кеўил бөлинди, себеби бул Орайдың тиккелей тапсырмасы еди. Соның есабынан пахташылық ушын көплеп тазадан жерлер ашылды, таза Елликқала районы шөлкемлестирилди.

Қарақалпақстан биз изертлеп атырған жылларда мәмлекетке 7 млн. 144 мың тонна пахта жетистирип берилгенлигин көремиз. Пахта ең керекли шийки зат ретинде раўажландырыў менен, бара-бара барлық аўыл хожалық егинлериниң меңгериўшисине, яғный монокультураға айналғанлығын ҳәм басқа егинлердиң есабынан иске асырылды. Республикада салыгершиликти раўажландырыўда жетерли дәрежеде жумыслар алып барылды. Нәйтижеде республикада 500 мың тонна пахта, 500 мың тонна салы жетистириў ўазыйпасы қойылды.

Қарақалпақстан республикасы басшылары жәрдем жүдә кереклигин дәлиллеп, аўыл хожалығына техника менен, аўыл хожалық кадрлары менен жәрдем көрсетиўди мәселе етип қойды. 60-жыллардың басларында аўыл хожалығы тараўындағы радикал реформалар аўыл халқының жағдайларын тез арада тийкарынан мәмлекетлик меншик раўажландырыў мәселеси қойылып, жеке меншиктиң қурғынласыўы емес, ал олардың үй қапталы участкаларын малдың санын қысқартыў, артықмаш жерлерге көп етип салық салыў сиясаты алып барылды. Жумыста урыстан кейинги жыллардағы мәмлекет тәрепинен көрилген иләжлар, дийханның қол

мийнетин жеңиллестириўге бағдар алып, аўыл хожалығын механизациялаўға бағдарланған ҳәрекетлер, көплеп аўыл хожалық техникаларының келиўи, яғный тракторлар, пахта териў машиналары, экскаваторлар, насослар келе баслады. Техникаларды эффектив пайдаланыў ушын кадрлар таярлаў мәселеси қолға алынды.

Пахташылықты раўажландырыў ушын республикада ирригация ҳәм мелиорацияны қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў мәселеси қолға алынды. Мәмлекетке пахтаның көплеп кереклиги, тазадан жерлер ашыў, оның егис майданын көбейтиўге қаратылған сиясат күшейди. Нәтийжеде Арал теңизге түсетуғын суўдың муғдары кем-кемнен азая баслады. Сол жыллардан баслап Арал теңизиниң суўының азайыўы, кейин Аралдың дерлик қурыўына алып келди. Бул болса регионда экологиялық жағдайдың қыйынласыўына алып келди.

Қарақалпақстан халқының урыстан кейинги дәўириниң изертлениў жағдайлары туўралы илимпазлардың бир қанша мийнетлери баспадан шықты. Бул китапларда қарақалпақ халқының 1924-жылы миллий мәмлекетшилигин қайта тиклегенлиги, лекин, тоталитаризм, репрессиялар ақыбетинен ел перзентлериниң бир қаншасы қурбан болды. 1924-1990-жыллары арасында Қарақалпақстанның сиясий басқарыўында, көпшилик жағдайда басқа жерлерден, Орай жиберген «ўәкиллер» басқарды. Коммунистлик тоталитар ҳүкиметиниң режими Қарақалпақстанның мәмлекетлигиниң кең раўажланыўына имканият бермеди, - деп жазды академик С.Камалов[1].

Қарақалпақстан халқының 20-30-жыллардағы сиясий, экономикалық, мәдений турмысы бойынша изертлеўлер жаңадан басланып атыр. Сол дәўирде, Қарақалпақстан үш мәртебе (Қазақстан, Россия, Өзбекстан) Орай тәрепинен қоңсылас республикалар қурамына өтти. Ҳәр бир республика дәўиринде, қурамында раўажланыў өзгешелиги менен айырылып турды.

[1] Камалов С. Ўәкиллик ҳаққынла // Еркин Қарақалпақстан, 1990. 64-бет.

Қарақалпақстанның 40-50-жыллардағы тарийхы бойынша Утемуратов Б., Сарыбаев Қ., Сарыбаев М., Юсупов О., Уразбаева У., Мадреймов Т., Базарбаев Р., Шамамбетов Б., Тлеўмуратов М. ҳәм басқалардың мийнетлери баспадан шықты[1].

Бул мийнетлерде өз дәўириниң талабына ылайықлы жазылсада халқымыз сол жыллар дәўиринде басынан кеширген тарийхын сәўлелендириў менен бирге республиканың социал-экономикалық раўажланыўдағы жетискенлик, кемшиликлер ҳәм қыйыншылықларды орынлы көрсетиўге миясар болған.

Тарийхшы К.Хакимниязов тәрепинен Қарақалпакстан халқының 30-40-жыллардағы социал-экономикалық жағдайлары, тоталитаризм режимлери, репрессиялар ақыбетлери изертленди. Сол дәўирдеги ел-журт басшылары У.Юсупов, Ю.Ахунбабаевлардың регионымызға итибары көрсетилген, Қарақалпақ миллий зыялылары жазықсыз репрессияланғанын еслеп өтти.

Кейинги жылларда қарақалпақ халқының 1946-1960-жыллардағы турмысына, социал-экономикалық жағдайларына байланыслы ҳүжжетлерден жаңа дереклер көрсетилмекте. Урыстан кейинги жыллары халық хожалығын ҳәм мәдениятын қайта тиклеўге, қарсылықлар басланған дәўир еди. Чаржау-Қоңырат темир жол қурылысы (1947-1952); Тахиаташ ГРЕС қурылысы, Қарақум Лаг жумыслары, ел басшылары Жуманазаров, П.Сейтов, Н.Жапақов, Ж.Сейтниязовтың хызметлери, әсиресе К.Камаловтың мәмлекетлик, сиясий, жәмийетлик хызметлери дыққатқа алынды.

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995; Мадреймов Т. История возникновения и развития средств массовой информации Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1998; Сарыбаев М. История хлопководства Каракалпакстана. Нукус, 1998; Утемуратов Б. Дехканское хозяйство Каракалпакстана. Нукус, 1998; Базарбаев Р. История формирования научного центра Каракалпакии. Нукус, 1997; Султанова С. Каракалпакстан в 1946-1960 годы. Нукус, 2001; Шамамбетов Б. Қарақалпақстан аўыл хожалығы. Нөкис, 1992; Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. Нукус, 1995; Тлеумуратов М. Бердах шығармаларында тарийхый дереклер. Нөкис, 1968.

Қарақалпақстанның урыстан кейинги дәўирин үйрениўде миллий зыялылардың еске түсириўлери, баспа сөз мақалалары, мийнетлери қунлы дерек болып табылады. Академик С.Камаловтың «ўәкиллик» жыллары (60-70-жыллар) ҳаққында еске түсириўи, өзбек зыялысы, Н.Мухитдиновтың «Кремльдеги өткен күнлер» атамадағы мийнетинде қарақалпақ Матякулов Хожамурат ҳаққында еске түсириўи урыстан кейинги жыллардағы пахташылық, жоңышқашылық, жоңышқа, аўыллық турмыстан мағлыўматлар береди. Партия ветераны Ж.Сейтниязов, П.Сейтов, К.Камалов, Н.Жапақов ҳәм басқада еске түсириўлерде үлкемиздиң 60-80-жыллардағы өмири, раўажланыўы, қыйыншылықлар ҳәм машқалалары өз сәўлесин тапқаны анық. Бул мийнетлерде көбирек сол дәўирдиң идеологиясына тийкарланып, фактлерди көбирек бөрттирип көрсетиў фактлары ушырасады. Қарақалпақстан усы жылларда ҳәр түрли тәжирийбелер майданына айналды. Бирақ бул тәжирийбелерде қарақалпақ халқының әсирлер даўамында қәлиплескен дийханшылық дәстүрлери, республиканың географиялық ҳәм климат шараятлары есапқа алынбады. Жоқарыда көрсетилген авторлардың мийнетлеринде бул кемшиликлер көрсетилмеди.

Бул жыллары мәмлекетке пахта тапсырыў режеси дерлик артығы менен орынланды. Пахтаның зүрәәтлилиги артты. 1976-1980-жыллар ишинде ҳәр жылы орташа есап пенен 384,3 мың тонна пахта тапсырылып турылған[1].

Пахташылық 60-80-жылларға келип пүткил егинлердиң хожайынына, яғный монокультураға айналды. Яғный республика Орай ушын шийки зат орайына айналды. Тәбият нызамы менен есапласыў республиканың экологиялық жағдайының бузылыўына алып келди. Жерлеримиздиң ҳәдден тыс дузланыўына, адамлар арасында түрли кеселликлердиң келип шығыўына алып келгенлигин көремиз. Нәтийжеде бағдарымыз кемейип,

[1] Сб. Народное хозяйство ККАССР за 60 лет. –Нукус, 1984. –34 б.

дәрьяларымыз, Аралымыздың дерлик қурыўына алып келди. Жиберилген қәте-кемшиликлерди көрсетиў менен бирге 1965-1985-жылларда республика аўыл хожалығын раўажландырыўға, оның материаллық-техникалық базасын беккемлеўге, пахташылықта механизациясына ендириўде, көп санлы аўыл хожалық қәнигелер, механизатор менен тәмийинлеўде айтарлықтай жумыс исленгенлигинде айта кетиўимиз орынлы деп ойлайман.

Сол жылларда жазылған тарийхый әдебиятларда көбирек жетискенликлерге тоқтап, жуз берген кемшиликлер ашып көрсетилмеген. Соны да айтыўымыз керек, республика аўыл хожалығының, соның ишинде пахташылық тарийхы бойынша жетерли дәрежеде монографиялық мийнетлер жүдә аз. Аўыл хожалығының усы дәўирине байланыслы мийнет, Аминова Р.Х., Бекимбетов Р., Раззаков А, Камалов К., Сарыбаев К., Сарыбаев М, Шамамбетов Б. ҳәм басқалар[1].

Тарийхшы М.Сейтимбетовтың «Қарақалпақстанда темир жоллар қурылысы (1946-1975)» кандидатлық мийнети бар[2]. Ол Чаржау-Қоңырат темир жоллар қурылысында бирнеше миллет ўәкиллери ҳадал мийнетин, қаҳарманлық жумыслары иске асырғанын, ҳақыйқый дослық, туўысқанлық, өз-ара жәрдемлер болғанын жазды. Темир жол қурылысына ел басшылары М.Жуманазаров П.Сейтов, Н.Жапақов күн-түн басшылық еткен. Қарақалпакстан пайтахты - Нөкис қаласына (1974) темир жол келгенин, пайтахтымызда 30 дан аслам санаат орынлары, пайтахтқа ҳәр күни қурылыс материаллары ҳәм жолаўшылар тасыған поездлар келгенин жазды.

---

1 Аминова Р.Х. Победа колхозного строя в Узбекистане (1933-1941 гг.). Ташкент, 1981; Бекимбетов Р. Ленинлик кооператив планының иске асыў тарийхынан. Нөкис, 1972; Раззаков А. Өзбекстан пахташылығы тарийхы. Т., 1994; Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис, 1995; Сарыбаев К. Аграрный вопрос в Каракалпакстане. Нукус, 1972; Он же: История орошения в Каракалпакстане. Нукус, 1995; Сарыбаев М. История хлопководства в Каракалпакстане. Нукус, 1999; Шамамбетов Б. Қарақалпақстанның аўыл хожалығы. Нөкис, 1992; Он же: Аграрное развитие республики Каракалпакстан 1965-1985 гг.: Опыт и проблемы. Нукус, 2015.

2 Сейтимбетов М. Железнодорожное строительство в Каракалпакстане. Нукус, 1994.

Тарийхшы Ж.Айтмуратов «Қарақалпақстан мәденияты 70-90-жылларда» деген кандидатлық жумыс жақлады[1]. Ол үлкемизде «мәдений қурылыс» мәселесинде, әсиресе билимлендириў, мектеп реформалары, орта арнаўлы оқыў орны (СПТУ, ПТУ) бойынша изертлеў жүргизди. Қарақалпақстан халық билимлендириўинде Орай тәрепинен буйрықпаз, тоталитар усылда басқарыў болды. Республикада мәдений-ағартыў ислери 40-50-жыллары соң 70-90-жыллары қандай дәрежеде раўажланғаны ҳаққында Р.Ахметшин[2], Р.Жаңабаев[3], Ж.Айтмуратовлар тәрепинен изертленди. Қарақалпақстанда урыстан кейинги жыллары мәдений ағартыў, китапхана, клуб ислери, музей жумысларында өсиўшилик болды. Нөкис мәдений ағартыў техникумы (1970-1985) тәрепинен аўыллардағы мәдений ислерге кадрлар таярлап бериўде орны айрықша болды.

60-80-жыллардағы реформалардағы қарама-қарсылықларға қарамастан республиканың өндирис күшлериниң раўажланыўы айтарлықтай болды. Халық хожалығының материаллық-техникалық базасы беккемленди. Бул жетискенликлер көрсетилген мийнетлерде өзиниң толық сәўлелениўин таппаған. Қарақалпақстан 50-90-жылларда тарийхый дөретиўшилик, излениўлер ҳәм көплеп машқалаларды шешемиз, дүзим тәрепинен әскерий казармалық езиўине қарамастан қыйыншылықларды жеңип шықты ҳәм тарийхта болмаған исшеңликти көрсетти.

**Диссертациялық жумыстың тематикасының әҳмийети.**

Екинши жер жүзилик урыстан кейинги халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажланыў республикамыздың ең актуал мәселелериниң бири болды. Урыс жылларының қыйыншылығы республикамыздың халық хожалығы ҳәм оның халқының турмыс жағдайларының ең аўыр дәўири болды. Урыстан кейинги 40-80-жыллар халық хожалығын ҳәм раўажландырыў ўазыйпалары аңсат болмады. Орай бул қыйыншылықларды еске алмады.

---

[1] Айтмуратов Ж. Культура Каракалпакстана в 70-90-е гг. Нукус, 1997.
[2] Ахметшин Р. Культ - просветительские деятельности Каракалпакстана в 50-60 годы. Нукус, 1999.
[3] Жанабаев Р. Культура Каракалпакстана в 50-60 годы. М., 1990.

Тапсырма пахташылықты урыстан бурынғы жыллардағы көлемге тиклеў ўазыйпасы қойылды. Республиканың экономикалық ҳәм социаллық қатнасықларын, сондай-ақ мәдений тараўларында раўажландырыў баслы ўазыйпалардың бири еди. Халықтың турмыс жағдайлары аўырласып, азық-аўқат продукталары аўыл хожалық өнимдарлығының төменги, жетиспеўшилиги елдеги аўырыўшылық, эпидемиялық қәўип алған, оны шешиўде жетерли жумыслардың төменлиги ҳәм басқада жуз берген қыйыншылықларды шешиў төмен болғанлығын көремиз. Ўазыйпа 40-80-жыллардағы кемшиликлер, жетискенликлерди айқын ашып көрсетиў болды. Бул тема усы дәўирге дейин еле толық изертленбегенин айтыўымыз керек.

**Диссертацияның хроникалық дәўири.**

Урыстан кейинги халық хожалығын тиклеў 1946-1980-жылларында республикада жуз берген қыйыншылықларға қарамастан халық хожалығын, аўыл хожалығын, санаатты, мәденитты ҳәм басқада тараўларда айтарлықтай өзгерислер, жетискенликлерге ерисилди. Чарджау-Қоңырат темир жолы қурылысы, Тахиаташ ГРЭСлери питкерилди, таза жерлер ашылды – пахташылық, салыгершилик, мал шарўашылық тараўларында да жетерли табыслар жуз берди.

**Изертлеўдиң теориялық ҳәм методикалық тийкарлары.**

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан республикасының ең жаңа тарийхлары ҳәм оларды жаңа материаллар менен толықтырыў.

**Теманың үйрениў жағдайына** келсек, бул тема тийкарынан, яғный урыстан кейинги халық хожалығының тиклениўи ҳәм раўажланыў жағдайлары толық изертленбеген болып, тема өз мазмуны бойынша актуал болып саналады. Теманың ҳәр қыйлы объектлери болып алынып, үйренилип, илимпазлар өз мийнетлеринде көрсетиўге ҳәрекет еткен. Усы жағдайларды ала отырып, бул теманы дерлик комплекс үйрениўге ҳәрекет еттик.

**Изертленип атырған жумыстың мақсет ҳәм ўазыйпаларына** келсек, бул тема бүгинги күн ушында актуал болғанлығын есапқа алып, бул машқаланы ҳәр тәреплеме ҳәм тереңирек изертлеп, үйренип, ғәрезсиз республикамызды халық хожалығын раўажландырыўда пайдалансақ орынлы болар еди деп ойлайман.

**Жумыстың илимий жаңалығы** ҳаққында сөз ететуғын бослақ бул дәўир, яғный урыстан кейинги жыллар республикамыз, халқымыз ушын ең аўыр ҳәм қыйын жыллар болып саналады. Сол жағдайларды есапқа ала отырып бул теманы ҳәр тәреплеме изертлеў мақул болар еди. Себеби ҳүкиметимиз тәрепинен бул жыллардың қыйын, машақатлы болыўына қарамастан, Республикамың турмысында, оның барлық тараўларында айтарлықтай жетискенликлерге ерисиўге миясар болған. Бул дәўирди үйрениў арқалы бүгинги күндеги ғәрезсизлигимизди беккемлеў ҳәм раўажландырыўда пайдаланыў орынлы болар еди.

**Жумыстың объекти** ХХ әсирдиң 1946-1980-жылларында Қарақалпақстанның халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажландырыў жылларында социал-экономикалық ҳәм мәдений турмысын үйрениў тарийхынан.

**Жумыстың предмети**не келсек Қарақалпақстанда урыстан кейинги 40-жыллардың екинши ярымынан 80-жылларда халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажландырыўда ҳүкиметимиз тәрепинен көрилген иләжлар, табыслар ҳәм қыйыншылықларды изертлеў менен бирге республикамызда бул жыллар ишинде қолға киргизген жетискенликлер, халқымыздың социаллық ҳәм экономикалық тараўлардағы өзгерислер, сондай-ақ бул жылларда халық хожалығының материаллық-техникалық базасын беккемлеў, бул тараўларды ҳәр қыйлы тараўдағы маман кадрлар менен тәмийинлеў арқалы халқымыздың турмыс жағдайларын ҳәм мәдений тараўларын жетилистириўде жаңалықлар республиканың санаатын, аўыл

хожалығындағы кемшиликлерди шешиў ҳәм раўажландырыў жағдайларын ашып көрсетиў баслы мақсетимиз.

**Жақлаў алдындағы турған әҳмийетли жағдайларға** келсек, жумыстың жазылыў ҳәм тәмийинлеў дәўиринде кафедра мәжилисине усынылып, жумыс мәжилисте көрилип, илимий басшы, сыртқы экспертлер тәрепинен көрилип шығылды.

Жумыстың дүзилиўи ҳәм көлеми кирисиў, үш бөлим, жуўмақлаў ҳәм пайдаланған әдебиятлардан ибарат. Улыўма жумыс көлеми 92 беттен ибарат.

Тарийхшы илимпазлардың алда турған программалық ўазыйпасы етип белгилеў. Биринши Президентимиз И.А.Каримовтың мийнетлериндеги миллий ғәрезсизлик идеологиясының теориялық ҳәм методикалық тийкары көрсетип берилгенлиги, демократик мәмлекет, сиясий институтлар, елимиздиң урп-әдетлери тийкарында мәмлекет қурыў көзде тутылған.

**Изертлеўде ҳүжжетлердиң тийкары.**

Изертлеўде тийкарынан Қарақалпақстан республикасы орайлық архив фондынан алынған. Сондай-ақ 1946-1980-жыллар аралығындағы дәўирдеги Қарақалпақстан министрлер кеңеси фонды, оның бурынғы баслықлары П.Сейтов, Н.Жапаков, К.Камаловлардың докладлары, Республика Статистикасының мағлыўматлары үйренилди. Сол жыллары ислеген ветеранлардың: еске түсириўлери, әдебиятлардан пайдаланыў, сол жыллардағы сиясий хожалық, мәдений турмысын анық сәўлелендирип берилди. 1946-1980-жыллар дәўириндеги социал-экономикалық, мәдений қатнасларды үйрениўде жақсы материалларға ийе болдық.

Диссертация Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының Тарийх факультетиниң «Тарийх методикасы» кафедрасының мәжилисинде талқыланыўдан өтти.

# БИРИНШИ БӨЛИМ

# ЕКИНШИ ДҮНЬЯ ЖҮЗЛИК УРЫСТАН КЕЙИНГИ 1946-1980-ЖЫЛЛАРДА РЕСПУБЛИКАНЫҢ ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ҲҮКИМЕТИНИҢ СОЦИАЛЛЫҚ ҲӘМ ЭКОНОМИКАЛЫҚ ТУРМЫСЫН КӨТЕРИЎГЕ БАЙЛАНЫСЛЫ ҲҮКИМЕТИМИЗ ТӘРЕПИНЕН КӨРИЛГЕН ШАРАЛАР

## 1.2. Урыстан кейинги халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажландырыў жылларында республика ҳүкимети тәрепинен көрилген шаралар: жетискенликлер ҳәм машқалалар

Қарақалпақстанның социаллық-экономикалық жағдайын XX әсирдиң орталарында пайда болған Арал машқаласы менен тығыз байланыслы болғанлықтан оны еки басқышқа бөлип қараў керек. Биринширден, 1917-1960-жыллар арасындағы жағдай, бул Арал машқаласының кескинлескенге дейинги дәўири. Екиншиси, 1960-1990-жыллар аралығы, яғный Арал машқаласының кескинлескен дәўири болды. Бул дәўир Арал теңизиниң қурып кетиўиниң ҳәм Әмиўдәрья суўының патасланыўының нәтийжесинде халықтың социаллық-экономикалық жағдайы аўыр аўҳалға түскен ўақытлары еди.

1917-1960-жылларда Қарақалпақстанда Арал теңизиниң социаллық ҳәм экономиалық жағдайға унамсыз тәсири сезилмейди. Сонда да республика халқының социаллық-экономикалық жағдайы басқа республикалар менен салыстырғанда жүдә әсте-ақырынлық пенен раўажланды. Буған Орта Азия республикаларының ишинде Қарақалпақстанның өндириўши күшлериниң жүдә төмен дәрежеде раўажланғанлығы, оның жеринде ири санааттың болмаўы себеп болды. Ири

санааттың болмаўы бул жәмийетлик меншик қорының басқаларға қарағанда жүдә аз муғдарда болғанлығын көрсетеди.

Қарақалпақстан экономикасының раўажланыўы жоқтың қасындағы базадан басланды. Бул жағдай көп жылларға дейин елдиң социаллық-экономикалық раўажланыўына кери тәсирин тийгизип келди.

1960-жылға Қарақалпақстанның улыўма санаат өнимиде төмен дәрежеде болды.

1940-1960-жыллар аралығында Қарақалпақстанның экономикасы индустрия ҳәм санаат жағынан бир қанша раўажланды. Бирақ, усы жыллары бул тараўда түпкиликли өзгерислер болмады. Автономиялы республика тек аграр-шийки зат бағдары бойынша раўажланды.

Суўдан пайдаланыў, ески арналарды қайтадан қурыў бойынша үлкен жумыслар исленди. Барлық суў ағатуғын үлкен арналардың узынлығы 2500 км ге жетти.

1960-жылға егислик жерлердиң түри өзгерип, оның ишинде пахташылық 68,8 процентке жетти. Санаатта ислейтуғын жумысшы ҳәм хызметкерлердиң саны 1960-жылға СССРда 36,5 процент, Өзбекстанда 24,2 процент болса, Қарақалпақстанда 11,6 процентти қурады.

Халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиўдиң улыўма көлеми жан басына бөлгенде Қарақалпақстанда тек 182 тийинди қурайтуғын еди.

Автономиялы республика бойынша қалалық жерде мәмлекетлик турақ жай қоры 1960-жылға 250 мың кв метрди қурады. Бул қалалық жердеги тек 6 мың хожалықтың талабын қанаатландыратуғын еди. Аўыллық жерлерде жәмәәтлик турақ жай қоры усы жыллары дерлик жоқтың қасында болды.

60-жыллары халық хожалығының раўажланыўы менен бир қатарда халық билимлендириў тараўы ушын маман қәнигелер таярлаў жумысы

бираз жақсыланды. Соның менен бирге халықтың турмысына, ден саўлығына хызмет етиўши қәнигелер еле жетиспейтуғын еди.

1960-жылы ҳәр бир 10 мың адамға СССРда 20,1 врачтан, 64,7 орта мағлыўматлы медицина хызметкерлеринен, Өзбекстанда – 13,8 врач 44,4 орта мағлыўматлы медицина хызметкерлеринен туўра келсе, Қарақалпақстанда 7,2 врачтан ҳәм 30,8 орта мағлыўматқа медицина хызметкерлеринен туўра келди[1].

Халықтың социаллық-экономикалық жағдайының төмен екенлиги 1917-1960-жыллар арасында болып өткен аўыр жылларында айқын көринди. Мәселен, Қарақалпақстанның екинши дүнья жүзилик урыс жыллары (1941-1945-жж.) басқа республикаларға салыстырғанда төмен дәрежеде болды.

Урыстың биринши жылынан баслап мәмлекет тәрепинен қалаларда нан, ун, қант, шай, ақ май ҳәм басқа азық-аўқатлық затлар тежелип, жүдә аз муғдарда берилетуғын болды. Аўыл халықлары ондай затлар менен дерлик тәмийинленбеди. Халық ашаршылыққа ушырады. Өлимшилик көбейип кетти. Усы шараятта 1943-1944-жыллары республикада сүзек кесели келип шықты. Халықтың елде өлген адамларының саны урыста қурбан болғанларға салыстырғанда үш еседей артық болды. Урыс жыллары усы ҳәм басқа аўырыўлардан Қарақалпақстанда 90 мың (тоқсан мың)ға шамалас адам өлген. Урыста өлгенлер менен бирге республика урыс жыллары 124 мың адамынан айырылған. Қарақалпақстан халқының урыстан алдыңғы жылғы саны (510 мың) он бес жылдан кейин, яғный 1959-жылы тикленди. Халықтың ушыраған бул аўыр жағдайының тәсири 60-жылларға дейин ҳәм оннан кейинде республикамыздың социаллық-экономикалық жағдайының жақсыланыўына үлкен зыянын тийгизип келди.

[1] Камалов С. Вклад каракалпакстанцев в победу во второй мировой войне.

Қарақалпақстанның социаллық-экономикалық жағдайы 60-жылларға 1917-жылға дейингиге салыстырғанда айтарлықтай жақсыланған болса да, басқа республикаларға, ҳәтте ўалаятларға салыстырғанда төмен дәрежеде еди. Буған себеп Қарақалпақстанға Орайдың дыққаты төмен болған.

60-80-жыллары Қарақалпақстанның социаллық-экономикалық раўажланыўы даўам етти. Усы дәўир ишинде Тақыятас-Нөкис, Нөкис-Шымбай, Газошақ-Ленин жолы темир жоллары Әмиўдәрьяның төменги жағындағы тийкарғы экономикалық районларын байланыстырып, оны бурынғы СССРдың Европа бөлимине шығарды. Республика бойлап Бухара-Урал, Шатлы-Наип, Орта Азия – Орай магистрал газ өткизгишлер қурылды. Оған шақпақтыдан шыққан Қарақалпақстан газы тутастырылды. Автономиялы республиканың ирригациялық тармақларына турақлы түрде суў жиберип турыўды тәмийин ететуғын Тақыятас гидроузели пайдаланыўға берилди. Бул Әмиўдәрьяның оң жағасы менен шеп жағасындағы районларды темир жол ҳәм автомобиль жоллары менен байланыстырып турыўға мүмкиншилик туўдырды. Әмиўдәрьяның төменги жағы ушын үлкен экономикалық әҳмийетке ийе болған Тақыятас ГРЭСи толық иске қосылды. Бул дәўирде Қарақалпақстан партия шөлкеминиң баслығы болып К.Камалов ислеп турған еди.

Усындай прогрессивлик мәнидеги өзгерислер жуз бергенине қарамастан, Қарақалпақстан санааты жағынан жеткиликли жетискенликлерге ерисе алмады. Тийкарғы ўазыйпасы пахта менен салы өндириўден ибарат болған аграр республикаға айланды. Сонлықтан усы өткен ўақыт ишинде бөлинген барлық қәрежеттиң 70 процентке шамаласы ирригация менен мелиорацияға жумсалды. 60-80-жыллар ишинде 181,1 мың гектар жаңа егислик жерлер өзлестирилди. Пахта ҳәм салы өндирисиниң көлеми әдеўир өсти. Шарўашылық ҳәм басқа тараўлардағы азық-аўқат өндириси де азғана өсти.

Орайды байытыўға бағдарланған кеңес ҳүкиметиниң алып барған сиясаты шет-шебирдеги миллий аймақлардың тәбийий ресурсларының тоналыўына алып келди. Бурынғы СССР-дың ҳүкимет басшылары миллий республикаларды, соның ишинде Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанды, колониялық аймақлар сыпатында алып қарады. Орта Азия республикалары аўқам ушын шийки зат базасы сыпатында хызмет етти.

1960-жылдан баслап Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья бассейнлеринде жаңа жерлерди өзлестириў бойынша кең көлемли жумыслар басланып, оған қосымша дәрья суўлары талап етилди. Нәтийжеде пахташылық пенен салыгершилик өзиниң раўажланыўын тапты, пахта монокультураға айланды. Бирақ жерлерди өзлестириў илимий тийкарда алып барылмады. Дийханшылықтың раўажланыўы экстенсивлик усыл менен алып барылды, ал бул жағдай барған сайын тийкарсыз суў ресурсларының зая болыўына алып келди. Дәрья суўларынан Арал теңизиниң үлеси белгиленбегенликтен, оның қурыўы тезлести. Солай етип, СССР мәмлекетиниң колониялық сиясатының ақыбетинде пайда болған Арал ҳәм Арал бойы машқаласы бүгинги күнде де өз шешимин таба алмай атыр.

Арал теңизиниң қурыўы төмендеги унамсыз қубылысларға алып келди. Қарақалпақстанның халық хожалығының ең ески тараўларының бири балықшылық санааты еди. Ол республиканың хожалық комплексиниң ажыралмас бир бөлеги болып келди.

Қарақалпақстанның балықшылық хожалығы тийкарынан Арал теңизи арқалы раўажланды. 60-жылларға дейин бул теңизден 600 мың центнер, соның ишинде оның Қарақалпақстан бөлиминен 270 мың центнер жоқары баҳалы азық-аўқат балығы аўланып келди. Енди Аралдың қурып кетиўине байланыслы оның балықшылық хожалығының әҳмийети дерлик пүткиллей жоқ болды[1].

[1] Тлеуов Р. Новый режим Арала и его влияние на ихтиофауну. Ташкент: Фан, 1981. 3-б.

60-жыллары Әмиўдәрьяның қуяр жеринде ҳәр жылы миллионнан аслап ондатра териси алынатуғын еди. Ол бурынғы СССРда аўланатуғын ондатра терилериниң 15-20 процентин қурайтуғын еди[1]. Енди Арал теңизиниң ҳәм көплеген көллердиң қурып кетиўине байланыслы ондатраның саны азайып кетти. Ондатраны аўлаў тоқтаўының нәтийжесинде экономикағы келетуғын шығын жылына 10 миллион сомды қурайды[2]. Әмиўдәрья төменги жағасында суў транспортының Әмиўдәрья ҳәм теңиз (Арал) мәмлекетлик кемешилик мекемелери республикамыздың турмысында белгили орынды ийелейтуғын еди. Енди Аралдың қурыўы ҳәм Әмиўдәрьяның суўы азайыўы ақыбетинде дәрья менен теңиз транспорты жоқ болды.

Теңиздиң қурып кетиўи шөлистанлық көлеминиң көбейиўине, тоғай ҳәм өсимликлердиң көплеген түрлери сийреклениўине алып келди.

Арал теңизиниң қурыўы, Әмиўдәрья суўының патасланыўы республика жерлериниң топырақларын қатты дузландырып жиберди. Бул жағдай турақ жайларға, қурылысқа, жолларға, мәдений естеликлерге үлкен зыянын тийгизди. Жердиң дузланыўы турақ жай қорына үлкен зыянын тийгизди. 1986-жылы қала ҳәм аўылдағы турақ жайлардың 78 проценти алдында турғанлығы анықланды. Дузлы жер асты суўлары елдиң асфальтланған жолларында бузды.

Теңиздиң ултанынан көтерилген дуз ҳәттеки жоқары вольтли электр линияларының сымлары менен изоляторларына жабысып, тирек бағаналарын жеп, оларды истен шығарды.

Арқа тәрептен ушып келип атырған дузлар, сондай-ақ Әмиўдәрья суўына көп муғдарда коллектор-дренаж суўлары қуйылыўының

[1] Реимов Р. Ондатра и ее акклиматизация в низовьях Амударьи. Ташкент: Фан, 1968. 164-б.
[2] Юриц А.А., Камалов С.К. Переброски сибирских рек в Среднюю Азию и Казахстана. Ташкент: Фан, 1984. 150-б.

нәтийжесинде дузланыўы Қарақалпақстан аўыл хожалық өндирисине оғада үлкен зыян келтирди.

1987-жылы республикадағы 485,1 мың гектар суўғарылып егилетуғын жердиң 376,9 мың гектары дузланған еди[1]. Әмиўдәрьяның төменги жағы шөлистанлыққа айлана баслаўы ҳәм дузланыўы, оның барлық 1300 мың гектар жериниң 500 мың гектарының тәбийий потенциалын жоң етиўге алып келди.

60-жыллары Әмиўдәрьяның қуяр жеринде отлақлы жайлаўлар гөш таярлаўға бағдарланған қара мал түрлерин шөлкемлестириўге мүмкиншилик туўдырған еди. 70-жыллары ол жерлерде барлығы болып 100 мың бас қарамалға ийе 10 мал шарўашылық хожалығы бар еди. Бул хожалықлардың рентабеллиги жоқары болды ҳәм бир центнер гөштиң баҳасы 70-80 сомды қурады[2].

25 жыл (1960-1985-жж.) ишинде бул жерлерден 75 мың тонна гөш өндирилди. Енди бул аймақтың шөлистанлыққа айланыўы Әмиўдәрьяның қуяр жери мүмкиншиликлерин дерлик жоққа шығарып республиканы арзан гөш шығарыў мүмкиншилигинен айырды. Усы тиккелей шығын 128 миллион сомды қурады[3].

Жер асты суўларының дузланыўы ҳәм оның жоқары көтерилиўи тарийхый мәдений орталыққа ҳәм оның ажыралмас бөлеги болған мәдений естеликлерге қайтып тикленбес зыянын тийгизип атыр. Төрткүл районында суўғарылатуғын жерлердиң жақынлығынан ең ески (б.э.ш. IV әсирге тийисли) естелик Қой-қырылған қала набыт болды.

Егерде тәбийий орталықты бузыў адамның тиришилигине оғада үлкен қәўип туўдыратуғын болса, мәдений-тарийхый орталыққа келтирген шығын

---

[1] Юриц А.А. Восстановление экономического потенциала …. 6-бет.
[2] Юриц А.А., Камалов С.К. Переброски сибирских рек в Среднюю Азию и Казахстана. Ташкент: Фан, 1984. 158-б.
[3] Камалов С.К. Современное соглашение, перспективы изучения, памятников истории и культуры ККАССР. Ташкент: Фан, 1984. 240-б.

адамлардың әдеп-икрамлылығына ҳәм мәдений раўажланыўына үлкен зыян тийгизип, оны тарийхынан айырады. «Инсан ушын тарийхынан жүда болыў өмирден жуда болыў деген сөз», - деп көрсетеди И.А.Каримов[1].

Экологиялық өзгерислердиң унамсыз салдары Қарақалпақстан халқының социаллық турмыс дәрежесин пәсеңлетип жиберди. Ҳаўа райының өзгериўине, дузлы шаңның көбейиўине ҳәм ишимлик суўдың қоры төменлеўине байланыслы дискомforттың (адамлардың жасаўы ушын қолайсыз жағдайдың) күшейиўи айрықша қәўетерли жағдай туўдырып атыр. Әмиўдәрья суўының патаслығы адамлардың ден саўлығына зыянын тийгизип, республикада эпидемиологиялық жағдайды күшейтти.

Жер үсти суўларының патасланыўы менен бир қатарда жер асты суўлары да патасланып атыр. Республикадағы ең үлкен кан боғлан Хожелиниң жер асты суўы дузланған, арқа районлардан саналған Тахтакөпир, Қараөзек, Шымбай районларындағы жер асты душшы суўларының да дузланыў қәўпи туўып тур.

Соңғы 15 жыл ишинде (1970-1985-жж.) Қарақалпақстанда халық ишинде аўырыўшылық пенен өлимшилик бирден көбейип кетти. Паратиф (сүзекке қусаған аўырыў) кесели менен аўырғанлардың саны Өзбекстанның дәрежесинен еки мәртебе, ал бурынғы аўқам менен салыстырғанда 2,3 мәртебе артық болды. Соңғы жыллары Сары аўырыў менен аўырғанлардың саны үш есе, сүзек пенен аўырғанлардың саны 4,5 есе көбейди. Рак кесели менен аўырғанлардың саны орта есап пенен бурынғы аўқам бойынша көрсеткиштен 7 мәртебе артық болды. Ең қәўипли жери рак пенен аўырыў жаслар арасында көбейди. Соңғы бес жыл ишинде ол кесел менен жаслардың арасында аўырғанлардың саны 2 еседен артып кетти. Анемия, яғный қаны азлық пенен аўырғанлардың саны, әсиресе туўыў жасындағы ҳаяллардың арасында көбейди. Соңғы 10 жыл ишинде адамның ишки

[1] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Тошкент: Шарқ, 1998. 10-б.

ағзаларына (бауыр, бөтеке, от қалта ҳәм т.б.) тас жыйналыў кесели менен аўырғанлардың саны 3 мәртебе, бөтеке кесели менен аўырғанлардың саны 8,6 мәртебе өсти. Өкпе кесели (туберкулез) менен аўырғанлардың саны 2 есеге артты. Ана ҳәм балалардың өлиўшилиги көбейип кетти[1]. Тек усы аўырыўлардың өзи аймаққа ҳәр жылы 15-20 миллиард сом экономикалық зыян тийгизеди[2].

Республикада шыпакерлер жетиспеди. Ҳәр бир 10 мың халыққа орта есап пенен тек 25,5, ал арқа районларда 13,7-16 жоқары мағлыўматлы медицина қәнигелеринен туўра келди. Усы жыллары республика бойынша 1200 шыпакер жетиспеди, соннан 720 аўылларға керек болды. Қарақалпақстанда бир де санатория, бир де дем алыў үйи қалмады. 1973-1982-жыллары Мойнақ қаласында ислеп турған курортларда жылына 20 мыңнан аслам адам дем алар еди. Арал теңизиниң қурыўы менен олар жоқ болып кетти. Республиканың буннан көрген шығыны жылына 8 миллион сомды қурады[3].

Республиканың дерлик барлық колхоз ҳәм совхозларының ҳеш қайсысында жәмийетлик монша болмаған. Нөкис қаласынан басқа ҳеш бир қала ҳәм аўылларда канализация тараўы жоқ еди. Канализацияны ҳәм оның шығындыларын тазалайтуғын орын Нөкисте де болмады. Бул аўҳал қала ҳәм аўыллық жерлерде эпидемиологиялық жағдайды жүдә кескинлестирип жиберди. Қарақалпақстан халқының 80 проценти айтарлықтай турақ жайға ийе емес еди.

Азық-аўқатлық затларды халық мәмлекетлик дүканларда аз болғанлығынан базардан алатуғын еди. Олардың базар нырқы мәмлекетлик баҳадан бир неше есе артық болды. Бул баҳалар барған сайын өсип барды.

---

[1] Абдиров Ч.А. Состояние здоровья населения и проблемы научных исследований // Вестник КК ФАН УзССР. Нукус, 1990. № 4. 20-22-бб.
[2] Концепция решение Аральской проблемы. Москва, 1990. Рукопись расширенного варианта, 23-б.
[3] Юриц А.А. Восстановление экономического потенциала … 6-б.

Мəселен, 1988-жылы базардағы аўқатлық затлардың баҳасы 21 процентке өсти. Соның ишинде картофель – 42 процентке, мийўе – 37 процентке өсти[1].

1988-жылы 19-сентябрьде шықты, оның да мақсети Арал бойларындағы экологиялық, санитариялық жағдайды жақсылаўдан ибарат болды. Бирақ қабыл етилген усы қарарлардан кейин де елдеги социаллық-экономикалық жағдайда тийкарынан өзгерис болмады. Кеңес ҳəкимияты қулағаннан кейин бул қарарлар улыўма иске аспай қалды. Арал апатшылығы аймаққа тиклениўи мүмкин емес шығын алып келди. Қəнигелердиң мағлыўматы бойынша, Арал экосистемасына тиккелей келтирилген зыян ақшалай есаплағанда 45 миллиард сомды қурайды[2]. Ал, енди Арал машқаласын шешиў бойынша исленетуғын илажлардың ақшалай шығыны 100-110 миллиард сомды талап етеди3.

Адамзат тарийхын қурылыстың тарийхы деп қараўға да болады. Себеби, адам əййемги дəўирден баслап өзине жай қурыўды биринши мəселе етип қойған ҳəм оған əсте-ақырын ерискен. Қурылыс барған сайын сол елдиң ғайратын, саўлатын, қүдиретин көрсететуғын белги ретинде баҳаланған.

Бул мəселеде Қ.Камалов жанкүйерлик етип, Ташкентке, Москваға талай рет қатнап, басшылар менен тил табысып, досласып, аўҳалды толық дəлиллеп 1970-жыллардың басында республикада қурылыс трестлериниң саны 18 ге жеткерилди. Ал, бурынғы 25 миллион рубль орнына жылына 556-600 миллион рубльге қурылыс жумысларын алып барыўға мүмкиншилик берди. Бул қурылыслар ишинде eң баслысы, Тахыятас плотинасын питкериў менен бир қатарда Нөкис қаласының республиканың орайы ретинде көркин өзгертиўге қаратылған ислер дыққатқа ылайық болды. Республикамыздың 60 жыллығына 60 жай салыў режелестирилип,

---

[1] Курбаниязов А. Развитие потребительского рынка в Каракалпакии. Нукус, рукопись, 1990. 7-б.
[2]Глазовский Н.Ф. Аральский кризис, причины возникновения и путия выхода. Москва: Наука, 1990. 46-б.
[3] Основные положения концепции преодоления Аральского кризиса. Москва, рукопис, 1990. 23-б.

көп квартиралы турақ жайлар Төрткүл гүзарын ҳәм Досназаров көшесин безесе, темир жол вокзалы, оқыўшылар сарайы, университет имараты, театр бинасы, ўалаятлық партия комитетиниң «Ирсовхозстрой»дың жайлары ҳәм тағы басқалар қалаға сан берип, шырайына шырай қосты[1].

Бул халықтың кеўлинен шыққан қурылысларды Қ.Камаловтың өзи басқарды. Ол Нөкис қаласының «архитекторы» болды. Ал, Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң ҳәм Бердақ атындағы мәмлекетлик театрдың гөззал имаратларын салыўда олардың прорабындай хызмет етти ҳәм республиканың үлкен ўазыйпалы ислерин басқарыў менен қатар университет имаратын сегиз айда инабат пенен питкериўге еристи. Сонлықтанда И.А.Каримов Нөкис қаласының 60 жыллық мерекесинде сөйлеген сөзинде: «Нөкис саҳрада адамлардың қолы менен салынған естелик ҳәм ол ҳәзир алмаздың барлық қырларындай жарқырап тур. Бүгин ол танымайтуғын дәрежеде қайта өзгерди. Өз исин сүйетуғын көплеген адамлар оған үлес қосты. Булардың арасында ақсақал Қаллибек Камаловта бар еди. Ол Қарақалпақстан пайтахтының гүллениўи ушын көп илажлар иследи»[2] деген еди. Ҳақыйқатында да, бул пикир Қ.Камаловтың шөлкемлестириўшилик талантын тан алыў менен бирге, аўызбиршиликли ҳәм басшының дөгерегине уйымласқан халықтың мийнетине берилген жоқары баҳа болды. Усы университеттиң ашылыўы нешше жыллардан бери зыялылардың арманы еди. Оны ашыў ҳәм елде билимликти күшейтиў ушын күш жумсаў Қ.Камаловтың пайына тийди. Лекин, ол аңсатлық пенен болмады. Бул мәселеде Қ.Камаловтың Ш.Рашидовтың қуўатлаўына ерисиўи, Москвадағы бирнеше лаўазымлы адамлар менен ушырасыўы ҳәм бес жыл даўамында мәселени шешиўдеги табанлылығы, аўқам партия орайлық комитетиниң сиясий бюросының тоғыз ағзасы менен сөйлесип,

[1] Базарбаев Ж. Әдиўли ел ағасы, пидайы инсан. Нөкис: Қарақалпақстан, 2006, 11-бет.
[2] Еркин Қарақалпақстан, 1992, 24-декабрь.

оларды көндиргенлиги халыққа деген қалыс, пидайы хызметтиң үлгиси есапланады. Бул ел хызметиндеги Камаловтың пидайылығының гейпара көринислери ғана болып, оның қарақалпақ халқының мүнәсип атын әлемге таратыўда ҳәм айрықшалығын дүньяға көрсетиўге қолынан келген басқада жумыслары айтарлықтай. Оның илим ҳәм көркем өнерге, мәдениятқа дыққаты өзгеше еди. Қарақалпақ әдебияты ҳәм көркем өнериниң декадалары ҳәр қыйлы юбилейлер, Нөкиске Ш.Айтматов, Р.Гамзатов ҳәм Мустай Каримлердиң, сондай-ақ Москва, Өзбекстан ҳәм Қазақстан талант ийелериниң шақырылары жүдә үлкен мәдений тәсирлер қалдырды[1].

Оның илимпазларға ғамхорлығы өз алдына болды. Ким илим докторы боламан десе, оның «гербиштей» монографияларының баспадан шығарылыўына жәрдем берди. Докторлық диссертация жақлағанлардың биразына жаңадан коттедж жайлар берилди.

Қ.Камалов миллетлераралық татыўлықты, халықлар дослығын беккем услады. Ортақ ис ушын аянбай хызмет етип жүрген ҳешкимниң кеўлин қалдырмады. Мийнетте тапланып, тәжирийбе арттырып, халық ушын күни-түни пидайы болған шахсларды жоқары лаўазымға тартты. Ол жыллары Қарақалпақстан Республикасынан Өзбекстан партия орайлық комитетиниң секретарьлығына Ю.Р.Қурбанов, Е.А.Айтмуратов, Өзбекстан Илимлер академиясының вице-президентлигине М.К.Нурмухамедов, Денсаўлықты сақлаў министрлигине А.М.Худайбергенов, Юстиция министрлигине Д.С.Ожраевлардың тайынланыўы елдиң толысқан үлкен-үлкен ислерге тайын екенлигин көрсетиў менен бирге, кадрлардың Өзбекстан көлеминдеги белгили жумысларды басқарыў дәрежесинде тәрбияланғанлығын көрсететуғын еди[2].

---

[1] Сол мийнетте, 12-бет.
[2] Сол китапта, 15-бет.

Үлкен даналықтың ийеси, үлкен тулға Ш.Рашидов пенен тил табысып, оның ҳәр сапар жәрдемин алыў дәрежесине жеткенин Камаловтың интеллектуал мүмкиншилиги, деп түсиниў керек.

Қ.Камалов Ўатан, ел-журт ушын хызметин, тәжирийбесин аямады. Оның бул әжайып мийнетлерин, шөлкемлестириўшилик уқыбын, республиканың табысы ушын хызметлерин жоқары баҳалап, «Мийнет қаҳарманы» деген атақ берилди ҳәм бул халықтың кеўлинен шыққан сыйлық еди.

Қ.Камалов өз дәўиринде жасап турған режимге хызмет етти. Лекин, оған өмиринше өзи жақлаған режим сатқынлық жасады.

Халықтың оны қоллаўы, Президентимиздиң әдиллиги ҳәм сиясий көрегенлиги арқасында Қарақалпақстан елине отыз жылға шамалас басшылық етип, елди абаданластырыўға күш-ғайратын аямаған ел ағасы Қ.Камалов жаладан қутылды. Ол ҳәмме ўақыт заманагөй жүреди, орнын биледи. Узақ ҳәм қыйын турмысларды бастан кеширсе де кеўли сергек ҳәм көтериңки олай болыўдың түўини – оны халық сүйеди, ел ағасы ретинде мойынлайды, тарийхта ат қалдырған тулға дәрежесинде ҳүрметлейди, сөз айтса қуўатлайды. Ол да буны «жүрегинен сезеди ҳәм халқын сүйип жасайды» - деп тәрийплейди академик Жуманазар Базарбаев[1].

Туўған елимиздиң игилиги ушын гүресте гезлескен барлық қыйыншылықларды шыдамлылық пенен, ақыл-парасаты менен жеңди. Ерискен табыслар оларға қанаат берип, тасқын йош бағышлады. Сонлықтан мен Қарақалпақстанның аўыл хожалығының 1960-70 ҳәм 80-жыллардың басында кескин раўажланыўындағы баслы күш аўыз биршиликли жасап атырған бизиң көп миллетли мийнеткеш халқымыз болды деп, қайта-қайта тәкирарлап айтқым келеди.

Мениң пүткил халқыма деген сүйиспеншилигим, иззет-ҳүрметим қаншелли терең болса, бул азаматларғада сыйласығым, сиз-бизлигим күшли

[1] Сол мийнетте, 16-бет.

болды, себеби олар халқымыздың тәрбиялап жетистирген перзентлери, ел ишинен өсип шыққан басшылар деп еске түсиреди К.Камалов[1].

70-80-жылларда мыңнан аслам адам ҳәр жылы СССРдың орденлери ҳәм медальлары менен сыйлықланды. Олардың арасында 1963-84-жыллар ишинде 25 адам Социалистлик мийнеттиң қаҳарманы деген уллы атақты алыўға миясар болды. Олардан: Н.Розымбетов, Е.Ешмуратов, Т.Якубова, А.Алимов, Т.Розумова, А.Худайбергенов, Ю.Маткаримов, Б.Қурбанов, С.Қурбанбаев, Х.Ембергенов, О.Қурбаниязов, У.Бекниязов, А.Назарханов, Алексей Канн, Т.Султанова, Ж.Айданиязов, Е.Бекбаўлиев, О.Турымбетов, С.Хошмуратов, Т.Сариев, У.Балтаниязов, О.Дилимбетов, К.Дурымбетов (үш «Даңқ» ордениниң кавалери атағы берилди.

Халқымыздың жаңадан-жаңа табысларға баслаўшы негизги күш – бизиң алтын фондымыз болған кадрлар еди. Олардың бир бөлеги халық пенен тығыз байланыста ислеген райком секретарлары, колхоз, совхоз басшылары ҳаққында мен өз пикиримди баян еткенмен.

Ал, енди сол кадрлар менен де, халық пенен де бир сапта турып, өлимиздиң атақ-абыройы ушын жан-тәнин аямай, бир жан бир тән болып ислеген, сол ўақыттағы атама менен айтқанда областьлық партия комитетиниң штабы – Обкомның бюро ағзалары ҳаққында гүрриң етпекшимен. «Сол ўақыттағы Обкомның бюро ағзалары, мений ойлаўымша ең күшли, ақыл парасатлы, билимли, ис тәжирийбеси жетерли, искер жигитлерден қуралған еди. Бул минезлеме соның менен бирге райкомның биринши секретарларына, республиканың басшы хызметкерлериниң басым көпшилигине тийисли. Бизиң табысларымыздың тырнағын қаласып, дийўалын көтерген усы азаматлар-ғой. Халықты кейнине ертип, ҳадал тер төгип хызмет ислеген солар-ғой. Олардың барлығының атын атап өтиў жүдә қыйын ҳәм оның кереги де жоқ шығар деймен»[2].

---

[1] Сол мийнетте, 134-135-бетлер.
[2] Камалов Қ. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 314-бет.

18 жыл Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң баслығы болып ашшы-душшыны бирге татып, аўырманлықларды бирге көтерисип келген Ережеп Айтмуратов ҳаққында мениң пикир айтыўым нызамлы шығар деп ойлайман. Е.Айтмуратовичтиң жүдә искер, киши пейил, өзиниң хызмет ўазыйпасын пухта атқаратуғын қадал, басшы екенин билген едим.

Қарақалпақстан 60-70-80-жылларда турақлы түрде жоқарғы өнимди қолға киргизди. Көп жылларда пахта таярлаў жобасын октябрь айында, Өзбекстанда биринширер қатарында орынлаўға ерисип келдик. Жазда 3 ай пахта үстинде ислесек, қалған ўақытларда – бәҳәр, гүз айларында қурылыс, тәмийнат мәселелери менен шуғылландық[1].

Нөкис аэропортының самолетлар ушып қонатуғын бетон жолларын қурыўда Ережеп Айтмуратовичтиң өзи басшылық етти. Байқоңырға талай мәртебе өзи барып, өтиниш етти, ҳәтте керек жеринде жәнжеллесип, бетон плиталарды алып келди. Ол соның менен бирге қус өсириў фабрикаларының қурылысын қәўендерликке алып, олардың қурылысын тезлетти.

## 1.2. Урыстан кейинги жылларда республикадағы социаллық экономикалық тараўдағы өзгерислер ҳәм оны жақсылыўға байланыслы көрилген иләжлар

Ел басшысына қарайды, басшысы елине қарайды. Бири қорғайды, бири қоллайды. Булар бири-бирине тиреў ҳәм сүйеў болып, дәўир талабына ылайық турмыс кеширеди, хызмет етеди.

Басшы, әсиресе елди басқарған тулға, пүткил елдиң тәғдирине жуўап берип, халықтың параўанлығы, журттың абаданлығы, миллетлердиң татыўлығы, адамлардың мәдениятлылығы ҳәм елдиң илим-билимлилигине

[1] Камалов Қ. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 316-бет.

жуўап беретуғын айрықша туўылған ғайраткер, билимли, ҳадал ер азамат болыўы зәрүр[1].

Қарақалпақ халқының өтмиш тарийхындағы ири тулғалардың бири, ел ағасы дәрежесине жетисип, халық арасында сыйласықлы елдиң аўызбиршилигин сақлаўда ҳәм материаллық, мәдений турмысын жақсылаўда, халықтың көркейип, өзге халықлар менен теңдей аяқ қосыўына аянбай хызмет еткен ҳәм ҳәзир де өзиниң ақыл-парасатын халықтың хызметине жумсап атырған пидайы инсан Қаллибек Камалов болып мойынланады.

Ол Нөкистеги муғаллимлер институтын жоқары баҳа ҳәм Сталин атындағы стипендия ийеси ретинде питкерген Камаловты республика жаслар аўқамы басшыларының қатарына алып барған. Арадан еки жыл өтпей-ақ ол республикадағы Обком комсомолдың биринши секретары болып сайланған.

Ҳәр бир адам өзиниң дүньяға көзқарасы, минези, тәрбиялылығы ҳәм ойлаў тәризине қарап жасайды, ҳәрекет етеди ҳәм сол бойынша баҳаланады. 1951-жылдың өзинде Қарақалпақстан Министрлер Совети Баслығының мәдeният ҳәм социаллық ислер бойынша орынбасары лаўазымына көтерилген. Ол Нөкис қалалық атқарыў комитетиниң председатели, Қарақалпақстан коммунал хожалық министри, республиканың автомобиль транспорты ҳәм жоллар министри ҳәм Куйбышев районлық партия комитетиниң биринши секретары сыяқлы лаўазымларда ислеп, ел турмысына терең араласып, республиканың жағдайы менен толық танысыўға ерискен. Ол қайсы лаўазымда болмасын жумыста унамлы из қалдырып, жәмийетшиликтиң ҳүрметине ерискен.

Ол үлкен лаўазымларды инабат пенен атқарып жүрип, экстернат ретинде Қарақалпақ мәмлекетлик институтының тарийх факультетин айрықша диплом менен питкерген.

[1] Базарбаев Ж. Әдиўли ел ағасы, пидайы инсан. Нөкис: Қарақалпақстан, 2006. 3-бет.

Қ.Камалов 1959-жылы март айында саррас 32 жасында республиканың ҳүкимет басшысы лаўазымына көтерилген. Бул лаўазымда төрт жыл табыслы ислегеннен кейин 1963-жылы Қарақалпақстан Обкомының биринши секретары ўазыйпасына тайынланған. Партия жар салған идеяларға оныңда ўақтында қултарлық пенен ислеўине туўра келди. Ең баслысы, ол өзиниң ел хызметин умытпаўы, халықтың мәпин қорғаўы тийис екенлигин түсинди. Ол дәўирдиң биринши секретарының қолында шексиз бийлик бар еди. Ол бийликти ақыл-парасат пенен, жоқарыдағылар менен келисип, халықтың разышылығы менен пайдаланыў керек болды ҳәм Қ.Камалов бул принципти беккем услаған[1].

Шынында да, бурынғы Обкомға биринши секретарь болғанлардың тусында Қарақалпақстан социаллық-экономикалық жақтан төмен еди. Ол дәўирде ҳәмме баҳа пахта менен өлшенип, «Пахта - Өзбекстанның миллий мақтанышы» деген уран үстемлик етип турғанда, Қарақалпақстан пахта тапсырыўда ең артта еди. Ол 1950-жылдан 1963-жылға шекем пахта жобасын еки мәрте ғана, тек 1954 ҳәм 1959-жыллары орынлаған еди. Басқа жыллары жоба 70-75 процент муғдарында қалды[2].

Бул миннетти иске асырыўда ол халық пенен ойласып, оның ишинде болып колхоз, совхоз ҳәм шөлкемлерди басқаратуғын кадрларды таярлаўдан баслағанлығы белгили. Оның бул мәселедеги тийкарғы принципи басшы аўырманлықты өз мойнына алып, қыйыншылықтан қорықпастан мақсетке жетиўге талпынатуғын, халықты изине ерте алатуғын, өз кәсибин билетуғын, пидайы, ҳадал адамларды таңлады ҳәм ол өз нәтийжесин берди. Ш.Рашидовтың «Қай жерде суў таўсылса ол жерде жар таўсылады, қайсы жерде жер таўсылса ол жерде өмир таўсылады» деп көп айтатуғын нәсиятын илип алып, елди суў менен тәмийинлеўге үлкен итибар берди. Бурғып ағатуғын «Жилли» Әмиўдәрьяда 1964-жылдың бәҳәр

---

[1] Камалов Қ. Ел хызметинде. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 5-6-бетлер.
[2] Сол мийнетте, 69-бет.

айларында суў болмай қалар еди. Сонлықтан, 1966-жылдан баслап жети жыл қатарына узынлығы 850 метр, ени ултанында 120-150 метр, жоқарысында 60-70 метрлик бөгет басылар еди. Арқа районлардың ҳәмме егислик жерин 20 күнде сапалы етип, қандырып суўғарыўға мүмкиншилик туўдырды. Бул қаҳарманлық исте мыңға жақын техника иске қосылып, Камаловтың өзи оның басында штаб қурып жумысты басқаратуғын болды. Бул аўҳалдан қутылыў тек 1974-жылы Ш.Рашидовтың жәрдеминде Тахыятас плотинасы салынғаннан кейин ғана мүмкин болды. Бурын Хорезмнен пахтаны ҳәр жылы 100 мың тонна кем беретуғын Қарақалпақстан 1970-жыллардың орталарында ҳәр жылы 100 мың тонна пахтаны артық жеткеретуғын болды.

И.А.Каримовтың «Бизиң көпшилигимиз кешеги өмиримиздиң, кешеги тарийхымыздың жанлы гүўасымыз, гүўасы ғана емес, сол бағытлардың тийкарғы атқарыўшысымыз»[1] дегениндей, бул әжайып басшы, ол дәуирдиң қарама-қалсылығын есте тутып бир тәрептен миллий мәпти ойлады, екинши тәрептен буйрықты орынлады. Халықтың, Ўатанының садық улы ретинде оның ертеңги күни туўралы үзликсиз тәшўишленди ҳәм оны иске асырыўда аянбай хызмет етти.

Ш.Рашидов «Қарақалпақстанда пахта, салы өсириў жүдә қыйын. Шараят, жағдай оғада аўыр. Сонлықтан, Қарақалпақстанда аўыл хожалығында табыслы ислеген азаматлардың ҳәр бириниң көкирегине алтын жулдыз қадасақ көплик етпейди»[2] деген сөзлери республика басшысына мойнеткеш халыққа үлкен баҳа еди. Соның нәтийжесинде республикамызда бир неше адам «Мийнет қаҳарманы» атағын алып, Алтын жулдыз ийеси болды. Жаңа районлар, Нөкис, Елликқала, Қанлыкөл ҳәм Бозатай районлары ашылып, Елликқала, Жамбасқала массивлери өзлестирилип, елдиң көркейиўине, материаллық ҳәм мәдений жақтан

---

[1] Каримов И.А. мийнети. Том 3, 456-бет.
[2] Камалов Қ. Ел хызметинде. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 135-бет.

қурғынласыўына мүмкиншилик көбейди. Қ.Камаловтың Қарақалпақстан ушын ислеген хызметлериниң ишинде қурылыс ислерин басқарыў ҳәм елди жол азабынан қутқарыў, қалаларды абаданластырыў ҳәм ири қурылысларды шөлкемлестириў, елимизде санаатты илгерилетиў ислери көрнекли ҳәм ийгиликли.

Сол жыллары Қарақалпақстанда бир неше темир жол тармақлары қурылды. 1976-1989-жыллары булл аймақта 262,7 километр узынлықта темир жол қурылысы питкерилди. Ал, асфальт жолларына келсек, оны оңлаўдағы басшылығы жүдә қыйын ҳәм саўаплы болды. Егер алпысыншы жыллары республикада тек 164 километр асфальт жолы болса, 1984-жылға келип елимизде асфальтланған жолдың узынлығы 3029 километрге жетти. Ол жоллар ушын 450 метр бетон көпирлери салынды. Елимизди газлестириў мәселесинде де Қ.Камаловтың басламасы жемисли болды. Қарақалпақстан Өзбекстанда бириншилер қатарында газлестириўге бет алды. Ол халқымыздың параўанлығына үлкен тәсир жасады.

Сол жыллары қурылыс бизиң ең баслы ислеримиздиң бири еди. Сонлықтан мен өзим, Марат Жуманиязович, А.А.Юриц, А.П.Федоров, А.Б.Бекманов тек қурылыс пенен шуғылланар едик. Ҳәр жылы 550-600 млн сом қаржы қурылысқа жумсалар еди. Булар бириниң жумысын бири тәкирарлап ислемеўи ушын ҳәр қайсысын ҳәр қыйлы қурылыс тараўына бекитип қойдық.

70-80-жыллары бизде 18 қурылыс тресги болып, қурылыс кең тармаққа ийе болды. Ең алды менен биз районды, колхоз, совхозды, министрликти ким басқара алады, кимниң қолынан келеди, кимниң уқыбы жетеди, ким халықты изине ертип, тилин таўып, қатықтай уйытым, алға қойған ўазыйпаны шешиўде өзлерин көрсетти.

Республикада халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажландырыў жылларында бирқанша қыйыншылықлар, машқалаларды шешиў керек еди. Булардың ең баслығы аўыл хожалығын қайта тиклеў еди. Себеби

халқымыздың 70-80 проценти аўылларда жасар еди. Мийнеттиң аўырыда аўыл хожалығында соның ишинде пахташылық тараўында еди. Пахташылықты раўажландырыў, Орайлық буған болған талабын қанаатландырыў, пахта ғәрезсизлигине ерисиў, пахта егилетуғын жерлердиң гектарын көбейтиў, оның өнимдарлығын асырыў, пахта ушын таза жерлер ашыў орайдың баслы талапларынан еди. Бул талапларды иске асырыў ушын суў тараўларын реконструкциялаў, таза каналлар, коллекторлар қазыў халқымыз мийнетин жеңиллеў, керекли техникалар менен тәмийинлеў баслы мәселелер еди.

Республикада бул артта қалған тараўлардан еди. Пахта планлар орынланбады, зүрәәтлилик өте төмен болды. Үлкемизде шарўашылықта талапқа ылайықлы емес еди. Мал шарўашылық фермалар ескише шенгел қораларда бағылар, өнимдарлықта төмен еди.

Сонлықтан бир-бирине экономикалық жип пенен байланған пахтаны көп жетистирсе ақшалай табыс көбейеди, алатуғын дән, ақ бийдайдың уны көп болады, басқа да затлар менен дүканлар толып турды. Сол ушында республикада ҳәмме күш пахтаға жумсалып пахта халықтың ар-намысы, наны деген уранлар көп болды. Усы уранлар астында пахтаны жылдан-жылға көп таярлаў ушын, Қарақалпақстанның экономикасын көтериў, халықтың турмысын абаданластырыў ҳәм ақыр аяғында туўылған үлкениң абырайын даңқын көтериў ушын атадан балаға шекем аўызбиршилик пенен мийнет етти. Областьлық партия комитетиниң бюро ағзалары районлардың, колхозлар менен совхозлардың басшылары ел ағалары өрнек көрсетип, күни-түни атызларда халық арасында жүрди, алдыңғылардың ис усылларын үйренди. Пүткил Қарақалпақстан дийханлары мол зүрәәт алыў жолларын яд етип алды.

Қарақалпақстанда 21 жылдан аслам ўақыт ишинде тек 3 жыл ғана мәмлекетлик пахта жобасы орынланбай қалды. Бул қыс оғада қатты келген 1963- жыл, Берунийди суў алған, 1969-жыл ҳәм ҳаўа райы нақолай келген

1978-жыллар еди. Қалған он сегиз жылдың ҳәммесинде пахта таярлаўдың жобасы зыяты менен орынлап, халық ақ жүзли абыройлы болды. Ел басшыларының жүзи жарқын болды.

Пахта жобасы артығы менен орынланған жыллардың ишинде 1968-жылы пахта сондай өсип раўажланды, теримге алтыншы сентябрьден кирисип, 22 октябрьде Өзбекстанда биринши болып пахта тапсырыў жобасын орынлады. Мәмлекетке тапсырылған пахтаның улыўма муғдары 301 мың тоннаға жетти, жобаны 125,32 процент етип орынлады. 1970-жылда сондай зор пахта жетистирилди.

Қарақалпақстанның тарийхындағы ең уллы той сол 1974-жылы өткерилди. Тойға Ш.Рашидов басқарған Өз КП Орайлық Комитетиниң ҳәмме бюро ағзалары Өзбекстанның барлық областларынан обкомның биринши секретары басқарған делегациялар келди.

1979-жылы республика пахтакешлери Өзбекстанда биринши болып пахта таярлаў жобасын орынлады. Жобадан зыят 69,5 мың тонна пахта сатып, улыўма 448,5 мың тонналық қырман көтерди. Жоба 121,2 процент орынланып, республиканың зыят тапсырған пахтасы есабынан Андижан ўәлаяты бермеген пахтасының орнын қаплады. Сол 1979-жылы Өзбекстанның басқа областларында пахта төмен болды. Өзбекстан Респуликасы пахта жобасын орынламады.

1979-жылы сатылған пахтадан 1980-жылы 132853 тонна пахта талшығы алынды ҳәм СССР дың тоқымашылық фабрикаларына тапсырылды. Бундай пахта талшығы Қарақалпақстанда бурын да, кейин де жетистирилген жоқ.

Жигирма бир жылда Қарақалпақстанда 7 млн. 144 мың тонна ямаса орташа ҳәр жылы 340 мың тоннадан пахта жетистирилди. Усы салыстырылған жигирма бир жылда республикада шигитенен тазаланған 2 млн. 219 мың тонна пахта талшығы алынып, бурынғы СССРдағы

тоқымашылық фабрикаларына тапсырылды. Пахта талшығын алыў 21 жыл ишинде орташа 31,1 процентти қурады.

Есаплап қарағанда ҳәр бир жылда 105,6 мың тоннадан пахта талшығы шығарылып сатылған, бул 1963-жылғыдан ҳәр жылы орташа 31,8 мың тоннадан көбейип барған, яғный пахта талшығы яғный пахтаның талшық бериўинен төменлеўин көрсетеди, себеби пахта таласының шығыўы пахта сортының сапасына байланыслы. 1976-жылы тапсырылған улыўма пахтаны 39,8% ти 1 сортқа тапсырылды. Мине бул көрсеткишлер суўдың жетиспеўшилигине қарамастан, тек егин жер майданын көбейтиў есабынан өнимди қалай болмасын көп бериў керек деген сиясатқа байланыслы болды.

1976-1980-жыллары мәмлекетке Қарақалпақстан 932,6 мың тонна салы тапсырды, план 113,4% ке орынланды. 1975-жылы 134,3 мың тонна, 1976-жылы 161,4 мың тонна, план 126,1 мың тонна еди, 1980-жылы 229,5 мың тонна, 1980-жылы 229,5 мың тонна салы тапсырды[1].

Мәмлекетке 1976-жылы – 1980-жылы 12,4 мың тонна картошка тапсырылды (план 11,8 мың тонна еди), планды 105,6% ке орынлады. 162,2 мың тонна палыз тапсырды (план 103,3 мың тонна еди).

Мәмлекет басқарыў орайы Қарақалпақстанда 1970-жылларынан соң да, 1970-жылдан бурынғыдай, 1960-жыллардан кейин Әмиўдәрья дельтасында суў муғдарының кемейиўине қарамастан пахта ҳәм салы егиўди раўажландырды. Пайда болған машқалаларды шешиўге итибар бермегенлигин көремиз.

1971-жылы пахта егилетуғын ҳәр бир гектарынан 24,5 центнер пахта зүрәәти алынған болса, 1975-жылы 31,1 центнерлерден зүрәәт алынды. 1975-жылы минерал төгинлер 1971-жыл менен салыстырғанда 21 мың тоннаға артық болды. Ҳәр бир гектар жерге жыллық нормалар 1971-жылға

---

[1] Статистический сборник за 1975-1980 гг. Нукус, 1980.

313 кг нан, 1975-жылы болса 395 кг ға дейин жетти. Мине усы цифрлардың өзинде Қарақалпақстанда пахтаның монокультурасы болып қалғанлығын тек ғана пахтаны көбирек жетистирип бериў керек, – деген сиясаттың болғанлығын көрсетеди. Дийханлардың пидәкерлик мийнетиниң арқасында 1973-1975-жыллары мәмлекетке 1006,0 мың тонна, 1976-1978-жыллары 1075,1 тонна[1], 1976-1978-жыллары 1075 мың тонна пахта тапсырылды, 1976-1977-жыллары пахта тапсырыў планлары орынланды (1976-жылы 104,5% ке, 1977-жылы 115,1%). 1978-жыллық планды орынлай алмады.

Улыўма алғанда 1976-1978-жыллары мәмлекетке план бойынша 1086,0 мың тонна пахта тапсырыў керек еди, бирақ усы жыллары 1075,1 мың тонна пахта тапсырылды, яғный пахта тапсырыў планы 99,0% ке орынланды, сондай-ақ пахта тапсырыў 1973-1975-жылларға салыстырғанда 1976-1978-жыллары кемейди. (1973-1975-жыллары 1096,0 мың тонна тапсырылды, ал 1976-1978-жыллары 1075,1 мың тонна тапсырылды), яғный 1976-1978-жыллары 1973-1975-жыллардағыдай пахтаның 98F тин тапсырды[2].

Пахта зүрәәтшилиги 1971-1975-жыллары орташа ҳәр бир га нан 27,0 центнер болды. Айырым районларда бул көрсеткиш жүдә төмен болды. Атап айтқанда Шымбай районында 19,3 центнер, Қараөзекте 18,8 центнер болды. 1975-жылы пахта зүрәәти ҳәр бир гектарға орташа 31,0, 1976-жылы 29,1, 1977-жылы 32,5, 1978-жылы 22,1 центнер болды.

Яғный соңғы жыллары пахта зүрәәти бир қанша көбейген менен соңғы жылы (1978-жыл) кем болды. Усы жылы ҳәттеки айырым районларда (Ленинабад), Қоңырат, Кегейли, Шымбай районларында 12,0 центнердиң әтирапында, зүрәәт жүдә кем болды. 1971-1978-жыллары Төрткүл, Беруний, Елликқала, Әмиўдәрья районларында пахта зүрәәти Қарақалпақстанның

[1] Статистический сборник о социальном и экономическом развитии ККАССР. Нукус, 1979, 21-бет.
[2] Сол мийнетте, 27-бет.

Шоманай, Ленинабад, Қоңырат, Нөкис, Кегейли, Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир районларына салыстырғанда жоқары болды. 1971-1977-жыллары зүрәәтлиликтиң көбейиуўинде жер майданының минерал төгин менен тәмийинлеўдиң артыўы арқасында, яғный, «агрохимиялық карталардың» дүзилип минерал төгинлердиң рациональ берилиўи, аўыл хожалық техникалар менен тәмийинлениўиниң жақсыланыўы арқасында дийханлардың күш ғайрат салып ислеўиниң арқасында болды.

# ЕКИНШИ БӨЛИМ

# УРЫСТАН КЕЙИНГИ ХАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫН ТИКЛЕЎ ЖЫЛЛАРЫНДА РЕСПУБЛИКА САНААТЫН, ТРАНСПОРТ ТАРАЎЛАРЫН ҲӘМ АЎЫЛ ХОЖАЛЫҒЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДА КӨРИЛГЕН ИЛӘЖЛАР

## 2.1. Урыстан кейинги жылларда республиканың санаатын, қурылысын ҳәм транспортын раўажландырыўда көрилген шаралар: нәтийжелер, қыйыншылықлар

Қарақалпақстан республикасының урыстан кейинги жыллардағы халық хожалығының жағдайын көзден өткеретуғын болсақ, үлкемиздиң, халқымыздың социал-экономикалық тараўларда Өзбекстан басқа областлары менен салыстырғанда анағурлым артта қалғанлығы көзге тасланады. Республикамызда қурылыс тараўын алсақ, орайымыз болған Нөкис қаласының өзинде таза иматратлар салыў, көшелеримизди асфальтлаў жумыслары өте төмен екенлиги көринеди. Егер аўылымыз туўралы айтатуғын болсақ, еле тырнағы жоқ гөне жайлар, көпшилик мектеплеримизде изей көтерилген, полы жоқ, свети жоқ, жайлар шийпырланбаған, район аралық жоллар асфальтланбаған, санаат тараўларын алсақ тийкарынан бирди-ярым районларда пахта заводы, еки районда май заводы ҳәм кишкене кәрханаларды көремиз. Транспорт тараўлары да өте төмен еди. Районларымыздың қайбир колхозларының машинасы болса, ол колхоз миллионер колхоз деп айтар еди, ветеранлар менен сөйлескенимизде. Улыўма алғанда республиканың бул тараўлары 60 жылларға шекем артта қалғанлығын көремиз.

Қарақалпақстан балық санааты 1956-жылы 23 тонна балық тапсырды. Жаңа үскенелер менен тәмийинленген Мойнақ балық консерва заводы 1959 шәртли қуты консерва тапсырды.

Бирақ орайдың үлкемизде пахташылықты раўажландырыў ушын қаратылған илажлары ақыбетинен санаатымыздың басқа тармақларына жетерли дәрежеде дыққат аўдарылмады. Санааттың пахта тазалаў, май шығарыў, жеңил санаат кәрханаларының қурылысы әсте-ақырынлық пенен жүргизилди. Султауиздаг, Устирттеги бай жер асты кән қорлары өндиристе қолланылмай қалды. Сонлықтан Қарақалпақстан халкының материаллық ҳәм социаллық жағдайы төмен болып, ҳәттеки Өзбекстанның ўәлаятлары менен салыстырғанда 30-40 жыл артта қалып кетти. Республикамызда басқарыўды жергиликли кадрларға исенбей, орайдың ўәкиллери районнан баслап республикалық басшылық ўйымларында отырыўы халық хожалығының барлық тараўларына, жамийетлик-сиясий ҳәм мәдений турмысына үлкен унамсыз тасир жасады.

1950-жылы республикада санаат өнимин ислеп шығарыў 1945-жыл менен салыстырғанда 2,3 есеге өсти[1]. 1946-1950-жылларда гөш өндириў 542 тоннадан 674 тоннаға, өсимлик майын 777 ден 6881 тоннаға, балық консерваларын 5869 мың шәртли қутыдан 10563 мың шәртли қутыға, пахта талшығын ислеп шығарыў – 21,5 мың тоннадан 41,5 тоннаға өсти.

Қарақалпақстанның жергиликли ҳәм кооператив санаатына үлкен әҳмийет берилди. Олардың барлық өниминиң улыўма муғдарын 1950-жылы 18,3 миллион сомға жеткериў белгиленди, бул 1940-жылға қарағанда 2,3 есе көп еди. Санаатты раўажландырыў бойынша автономиялы республикада 1951-1954-жыллардағы бес жыллық жобасы орынланды, сондай-ақ айырым тараўлар бойынша жобалары әдеўир артығы менен орынланды.

1951-1955-жыллары Хожели гөш комбинаты Беруний пахта тазалаў заводы, Хожели гербиш заводы ҳәм Тақыятастаға оңлаў-механикалық

[1] Народное хозяйство ККАССР. Статсборник. Нукус: Каракалпакстан, 1971. 15-б.

заводлары иске қосылды. 1951-жылы қурамында энергопоезд ҳәм улыўма қуўатлығы 1524 киловаттлық турақлы электростанциясы бар Тақыятас энергетикалық хожалығы дүзилди ҳәм автономиялық республикада ҳәзирги заман энергетикалық базасын дүзиўдиң негизи салынды.

1955-жылы санаат кәрханаларының саны 1950-жыл менен салыстырғанда республикада 12%ке қысқарды, ал ири санаат кәрханаларының саны 34%ке өсти.

1955-1960-жылларда Берунийде өсимлик май заводы, Нөкисте макарон фабрикасы, аралас от-жем ҳәм селикат – бетон заводы, Төрткүльде дизель электростанциясы, Нөкисте, Төрткүльде, Берунийде, Қыпшақта, Хожелиде ун қаразлары ҳәм көплеген санаат кәрханалары салынып иске қосылды. Қурылыста айтарлықтай санлы ҳәм сапалы өзгерислерге мүмкиншилик берди. 594 км электр жеткериў линиясы, 232 км асфальт жоллар қурылды.

Балық санаатында айтарлықтай табысларға ерисилди. 1960-жылы балық аўлаў муғдары улыўма Өзбекстандағы аўланған балықтың 97,8%ин қурады[1]. Балық консерваларын ислеп шығарыў көбейди. Кейинги үш жылда Мойнақ балық консерва комбинаты орташа жылына 20,6 миллион шәртли қуты консерва ислеп шығарды.

50-60-жыллары Ара теңизи бассейнинде ондатра хожалығы раўажлана баслады. 1956-жылы ол бурынғы СССР қурамында ондатра терисиниң саны ҳәм сапасы бойынша биринши орынды ийеледи.

Қарақалпақстанда анағурлым төмен раўажланған энергетика санааты еди. Республикада энергетика санаатының кәрханалары коммуналлық ҳәм санааттың орташа қуўатлықтағы станцияларын ҳәм МТС дизель дүзилиси менен колхоз электростанцияларын өз ишине алатуғын еди. 1956-жылдың 1-январына улыўма қуўатлылығы 12773 квт 117 электростанция 32159 мың квт/с электроэнергия ислеп шықты.

[1] Тлеубергенов Ш. Қарақалпақстан санаатының өсиў пәти ҳәм дүзилиси. Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 15-б.

1956-жыл март айында Қарақалпақстан АССРы өндириўши күшлерини комплексли раўажланыўы ушын үлкен әҳмийетке ийе Тақыятас мәмлекетлик районлық электр станциясының қурылысы басланды. Қарақалпақстан халкының пидәкерлик мийнети нәтийжесинде 1961-жылы 10-сентябрьде Тақыятас ГРЭСиниң биринши гезеги салтанатлы түрде иске қосылды.

1960-жыллары жеңил ҳәм азық-аўқат санааты раўажланды. Санааттың жетекши тараўы пахташылық болып келди. Егер 1961-жылы 75,3 мың тонна пахта талшығы шығарылған болса, 1970-жылға келип ол 98,5 мың тоннаға жетти. 1963-жылы ири Төрткүл пахта заводы иске түсирилди. Май, ун шығарыў тармақлары раўажлана баслады. Егер Нөкис макарон заводы 1960-жылы 582 тонна өним шығарса, 1970-жылы 1620 тонна өним алды.

Қарақалпақстанда үлкен қурылыс жумыслары жүргизилди: 1959-1965-жыллары ири қаржылар 520 миллион сом, ал 1966-1970-жыллары 812 мил. сомды қурады. 60-жыллары Әмиўдәрья арқалы көшпели көпир қурылды. Султануиздагта усақлаўшы-сортлаўшы завод, Хожелиде сүт-май ислеп шығарыў заводы, Нөкис консерва заводы, пайтахтымызда аэровокзал ҳәм телеорайы ашылды. Қурылыс ислериниң раўажланыўына Нөкис ири панели үй-жай курысы заводы ҳәм силикат заводының ашылыўы ҳәм иске түсиўи үлкен тәсир етти.

Қарақалпақстанда үлкен қурылыс жумыслары жүргизилди: 1959-1965-жыллары ири қаржылар 520 миллион сом, ал 1966-1970-жыллары 812 мил. сомды қурады. 60-жыллары Әмиўдәрья арқалы көшпели көпир қурылды. Султануиздагта усақлаўшы-сортлаўшы завод, Хожелиде сүт-май ислеп шығарыў заводы, Нөкис консерва заводы, пайтахтымызда аэровокзал ҳәм телеорайы ашылды. Қурылыс ислериниң раўажланыўына Нөкис ири панели үй-жай қурысы заводы ҳәм силикат заводының ашылыўы ҳәм иске түсиўи үлкен тәсир етти.

Қарақалпақстанның өндирис күшлериниң раўажланыўы Тақыятас ГРЭСиниң жанармай-энергетикалық қуўатын көбейтиў менен тығыз байланыслы болды. Тақыятас ГРЭСи Өзбекстан энергетикалық тармақлары арқалы Орта Азия энергосистемасына қосылды. Тахиатас ГРЭСиниң күшейиўи (1970-жылы – 769,7 миллион кВт/с) ҳәм Орта Азия энергосистемасына қосылыўы қалаларды, аўылларды, санаат ҳәм мәдений объектлерди электроқуўаты менен үзликсиз тәмийинледи. 1970-жылы республикадың барлық аўыл районлары электрлестириди.

Республика социаллық-экономикалық жобада ҳеш бир жеңилликлер менен сиясаттың тийкарғы жәрдемши жоллары менен ис жүргизилмеди. Бул ис орайдың Қарақалпақстанның социаллық-экономикалық раўажланыўының иси қосымша қаржылар бөлинип, социаллық ҳәм экологиялық шараятлары есапқа алынып исленген қарарларына қарамай жүзеге аспады.

60-80-жыллардағы реформалардағы қарама-қарсылықларға қарамастан Қарақалпақстан өндирис күшлериниң раўажланыўына алып келди. Халық хожалығының материаллық-техникалық базасы беккемленип, ирригация-мелиорация қурылыс тармақларының жаңа түри жүзеге келе баслады.

Карақалпақстан минерал шийки зат ресурсларына жүдә бай. Бирақ республика басшыларының Султануиздаг кәниниң пайдалы қазылма байлықларын табыў ҳәм пайдаланыў жобасын тезлетиўге қаратылған иләжлары орай тәрепинен қуўатланбай қалды.

Қарақалпақстанның түслик халқы тығыз жайласқан районларында бир қанша жаңа жумыс орынлары ашылатуғын еди. Республикада машина ислеп шығарыў, электротехника, химия, санаат тараўлары раўажланбай қалды. Қарақалпақстан тек шийки зат шығарыў менен халықтың жағдайын жақсылай алмады. Бул ҳақыйқатлықты СССР дың жоқары орынларында түсингиси келмеди.

Қарақалпақстан АССРында 60-жылларда жеңил ҳәм азық аўқат санааты табыслы раўажланды. Санааттың тийкарғы тараўы – пахта тазалаў тараўы болып келди. Егерде 1961-жылы 75,3 мың тонна пахта талшығы шығарылса, 1970-жылы – ол 98,5 мың тоннаға жетти. 1963-жылы автоматластырылған ҳәм механизацияласқан ири Төрткүл пахта-тазалаў заводы иске қосылды. Өсимлик майы, ун шығаратуғын тараўлар раўажланды. Нөкис макарон фабрикасының өним шығарыўы әдеўир көбейди.

1961-1965-жыллары автономиялы республикада үлкен қурылыс жумыслары жүргизилди, ири қаржы жумсаў 448 мил. сомды қурады, бул алдыңғы жылларға қарағанда әдеўир көп еди. 1965-1970-жылларға қаратылған ири қаржы жумсаў муғдары 764 мил. сомға жетти. 1959-1965-жыллары 30 дан аслам санаат кәрханалары пайдаланыўға берилди.

1966-1970-жыллар аралығында Әмиўдәрья арқалы қалқыма көпир, Султануиздагта майдалаў-сортлаўшы завод, Халқабадта пахта тазалаў заводы, Хожелиде сүт-май заводы, Нөкис консерва заводы, аэровокзал, телеорай ҳәм т.б. кәрханалар иске қосылды. Тақыятас гидроузели, Қоңырат-Бейнеу темир жол қурылысы даўам етти. Тақыятас темир-бетон буйымлары иске түсти. 1955-жылға дейин улыўма ислеп шығарылмаған қурама темир-бетон конструкциясы ҳәм деталлары өндирис тез өсе баслады. Бул өндирислик объектлер ҳәм турақ жай қурылысының тез пәт пенен өсиўине мүмкиншилик туўдырды.

1961-1965-жыллардағы автономиялы республикада санааттың раўажланыўындағы ең үлкен жетискенлик Тақыятас ГРЭСи қурылысының питкерилип ҳәм пайдаланыўға тапсырылыўы болды. Қарақалпақстанның экономикасы ҳәм мәдениятының тез пәт пенен раўажланыўы электроэнергия қуўатлылығын буннан былай да арттырыўды талап етти. 1965-жылы станцияның үшинши гезегиниң қурылысы басланды ҳәм ол 1967-жылы питкерилди. Сол ўақытта Тақыятас ҳәм Наўайы ГРЭСиниң

линиялары бирлестирилген еди, нәтийжеде Тақыятас ГРЭС энергетика системасына бириктирилди, ол өз гезегинде Орта Азия энергетика системасына кирди.

Автономиялы республиканың санаат кәрханалары сырттан алып келинген отын менен исленетуғын еди. Халық хожалығында үлкен әҳмийетине ийе отын мәселеси Бухара-Урал газ магистралын салыў жолы менен табыслы шешилди. Газ өткергиш трассасы бағдарын жобаластырғанда Төменги Әмиўдәрья экономикалық районының отынға зәрүрлиги ҳәм магистраль өтип атырған аймақта тәбийғый газ қорының ашылыў келешеги есапған еди.

1964-1965-жыллары бириншиге параллель газ өткергиштиң екинши гезеги салынды. Оның трассасы бойынша Свердловск-Газли радиреле линиясы жүргизилди. 17 компрессор станцияларының биринши ҳәм екинши гезеклери қурылды. Әмиўдәрья арқалы Дулдулде аспа көпир салынды, бир неше жузлеген километр жоқары вольтлы электр энергиясын жеткериў линиясы жүргизилди. 1965-жылдың ақырында тийкарынан Свердловскке дейинги газ өткергиштиң екинши гезеги питкерилди.

1965-1970-жылларда трансконтиненталь Орта Азия – Орай газ өткергишиниң қурылысы басланды, оның биринши гезеги 1967-жылы Ленинградқа жетти. Бул газ өткергиштиң қурылысы 70-жыллардың басында питкерилди. Бухара-Урал ҳәм Орта Азия – Орай газөткергишлериниң қурылыўы улыўма СССРдың бирден-бир халық хожалығы комплексиниң раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстан ССРы халық хожалығы газлестириле баслады. 1963-жылдың декабринде Тақыятас ГРЭСи газлестирилди, нәтийжеде станцияда ислеп шығылатуғын электроэнергияның баҳасы арзанлады. Кем-кемнен республиканың санаат кәрханалары ҳәм елатлы пунктлери де газге өте баслады.

Халық хожалығының, соның ишинде санааттың табыслы раўажланыўындағы шешиўши жағдайлардың биреўи олардың қәнигелер менен тәмийинлениўи болды. 70-жыллары жоқары ҳәм орта арнаўлы мағлыўматлы қәнигелердиң саны әдеўир өсти. Егерде 1970-жылдың ақырында Қарақалпақстан халық хожалығында 14,1 мың жоқары, 16,1 мың орта арнаўлы мағлыўматқа ийе адам саны 30,1 мың және 35,7 мың адамға жетти. Он жылда қәнигелердиң саны еки еседен аслам көбейди. Кәрханаларда, мәкемелерде жумысшы ҳәм хызметкерлердиң қәнигелигин арттырыў ҳәм таярлаў бойынша үлкен жумыс жүргизилди. Тек 1980-жылы 14,4 мың жумысшы ҳәм хызметкерлер жаңа қәнигеликке оқытылды, ал 40,4 (40,4) мың адам ҳәр қыйлы қәнигелигин арттырыў курсларынан өтип келди. Усының нәтийжесинде санаат өнимлерин өндириў көбейди. 1970-жыл менен салыстырғанда 1980-жылы электр энергиясын өндириў 738,0 миллион кВт/с тан 1640 миллион кВт/с қа, темир-бетон конструкциялары ҳәм деталлары 44,2 ден 150,4 мың куб метр қурылыс гербиши 80,7 ден 108,2 миллион дана, консервалар 12,5 тен 14,0 миллион шәртли қутыға ҳәм т.б. өсип жетти.

Көплеген санаат кәрханалары, цехлар, газошақлар Ленин жолы темир жол магистралы, жай қурылысы комбинатлары, керамзит, темир-бетон буйымлары, гербиш заводлары ҳәм басқа да санаат кәрханалары ҳәм цехлар, Қарақалпақ бройлер фабрикасы, Шымбай гүриш заводы, Хожели тоқымашылық ҳәм Беруний жип ийириў фабрикалары, Нөкистеги ири жол өткергиш ҳәм басқа да әҳмийетли объектлер иске қосылды.

Карақалпақстанда темир жол линиясының болмаўы халық хожалығының раўажданыўына көплеген тоқынлықлар келтирди. Күн тәртибинде Чаржаў қаласынан Хорезм, Қарақалпақстан арқалы Қазақстанға өтетуғын темир жол линиясын салыў мәселеси турды.

Жоқарыда атап көрсетилгендей, 40-жыллардың ақырында Бас Түркмен каналы қурылысының жойбары ислеп шығылған еди. Усындай

пайыттан пайдаланып, Өзбекстанның басшысы Усиман Юсупов Орайға билдирмей Чаржаў-Қоңырат темир жол линиясы қурылысын баслаў ҳаққында шешим қабыллайды ҳәм 1947-жылы усы қурылыс басланады. Сол жылы Хорезм ҳәм Түркменстаннан, Қарақалпақстаннан барған 100 000 адамлардың күши менен 45 күш ишинде Чаржаў-Хазарасп линиясының рельслери астына 5 миллион кубометр топырақ шығарылды. Қарақалпақстан Министрлер Кеңесиниң баслығы Наурыз Жапақов басшылығындағы 20.000 Қарақалпақстанлы азаматлар Дарған ата – Ургениш участкасында аянбай жумыс иследи.

Урыстан кейинги 1946-1950-жыллар үлкемизде биринши мәрте темир жол қурылысының басланыўы менен көзге түседи. Темир жол магистралы тез ўақыт ишинде Қарақалпақстан аймағына жақынлады. 1950-жылы ол Тақыятас поселкасына, ал келеси жылы Әмиўдәрьяның шеп жағалығындағы Хожели қаласына келди.

1955-жылы Чаржау-Қоңырат темир жолы салынып питти, ол Өзбекстан ҳәм Түркменстан темир жоллары менен қосылып, өндирис күшлериниң ҳәм халық хожалығының буннан былай да раўажланыўына үлкен тәсирин тийгизди.

50-жыллары узынлығы 164 км болған Хожели-Пристань-Нөкис-Халқабад-Шымбай-Кеңес-Қараөзек ири магистралы, ал Әмиўдәрьяның шеп жағалаўындағы Хожели-Шоманай жолы асфальтланып болынды. Карақалпақстан пайтахты Нөкис қаласы усы еки автомагистраль менен байланысты. Солай етип, болажақ Трансқарақалпақ автомобиль магистралының тырнағы пайда болды. Қарақалпақстанда автомобиль жолларын салыўда сол ўақыттағы автомобиль жоллары министр Қаллибек Камаловтың орны айрықша.

50-жыллары Қарақалпақстан экономикасында сезилерли өзгерислер жуз берди: биринши рет Чаржау-Хожели-Қоңырат темир жол линиясының иске түсириўи үлкемиздиң күшлериниң өсиўине алып келди. Республикада

автомобиль жоллары ҳәм көпирлериниң жағдайы жақсыланды. Хожели-Нөкис, Нөкис-Шымбай жоллары асфальтланды.

1950-жылға шекем жоллардың үлыўма қатты төселмеси жоқ еди, бизиң жолларымыз топырақ топарына жататуғын еди. 1951-жылдан баслап қатты төселмели жоллар салына баслады. Тек 1955-жылы 275 мың квадрат метрден аслам жол ҳәм тратуарлар асфальтланды. 50-жыллардың ақырына келип 67 километр қара төселмели жол қурылды.

1961-жылдың биринши шерегинде Чаржау-Қоңырат темир жол линиясы питкерилди ҳәм пайдаланыўға тапсырылды. Қарақалпақстан аймағы бойынша темир жолдың узынлығы 100 км болып, ол шеп жағадағы районларға жетти. 1957-жылдың 1-январына республикалық әҳмийеттеги автомобиль жолларының узынлығы 451 км, жергиликли әҳмийеттеги жоллардың узынлығы 2931,4 км ге жетти.

50-жыллары жаңа қалалар пайда болып, гөнелери қайта қурылды, олар энергетик орайы Тақыятас, Хожели, Қоңырат, Төрткүл еди. Қарақалпақстан пайтахты Нөкисте үлкен қурылыслар жүргизиле баслады. Авиация келешеги үлкен транспорт болды, ол автономиялы республиканың орайы Нөкисти Москва ҳәм барлық республикалар менен байланыстырды.

60-жыллары автономиялы республикада жол қурылысы ен жайдырылды. Өзбекистанның, сондай-ақ Қарақалпақстанның басқарыўшы уйымларының дыққат орайында Әмиўдәрьяның еки жағасы бойына автомагистраль қурыў ўазыйпасы турды. Олар Газли-Үргениш-Тақыятас-Қоңырат-Мойнақ (450 км) ҳәм Дулдул-Төрткүл-Беруний-Нөкис-Қазақдәрья (330 км) автомагистраллары еди. 1972-жылдың ақырында Ташкент-Арал теңизи автомагистралы иске қосылды. Қарақалпақстан АССРы ҳәм Хорезм ўәласты ең қысқа ҳәзирги дәўир автомагистралы арқалы Ташкент пенен байланыстырылды.

1947-жылғы көрсеткишлер бойынша санаат тараўында, мекемелерде 6288 қәниге, солардан 2165 ҳаяллар. Бул болса 34,4%ти қурады. Қурылыс

тараўында 702, олардан 105 ҳыяллар, яғный 15%и, аўыл хожалығы шөлкемлеринде 907, олардан 237 ҳаяллар, яғный 26,1%. Суў транспортында 1968, солардан 41 ҳаяллар, олар 2,1% ти қурады. Қарақалпақстан Жоқарғы советине 1947-жылғы депутатлар арасында жумысшы класс ўәкиллери де болды. Олар Роман Юсупов – Төрткүл пахта заводы преслеўшиси, Федор Сорокин – МРЗ – директоры, Тохта Исаева – Шымбайдағы пахта заводы жумысшысы, Кенжебай Есентаев – ККАССР пахта таярлаў трестиниң директоры, Рысгүл көптилеўива Қоңырат пахта заводы жумысшысы, Орынгүл Балабаева – Учсай пахта заводы балықшысы, Бижан Нағметуллаева - Қазақдәрья балық заводы балықшысы бар еди[1].

1950-жылларда Ўатандарлық урыс себепли қыйралыўға ушыраған районларды қайта тиклеўге, соң тың жерлерди өзлестириўге көп қаржы жумсалып, ал бизиң республикаға қурылыс ушын қаржы аз муғдарда бөлип шығарылған.

1950-жылларда республикада жергиликли халық ўәкиллеринен қурылысшылар жоқтың қасында болған, жергиликли миллет ўәкиллеринен инженер-техниклерди, түрли маманлықтағы қурылысшыларды таярлаўға үлкен дыққат аўдарылды, үлкен қалалардағы оқыў орыўларына көп сандағы жаслар оқыўға жиберилди, Нөкисте қурылыс техникумы ашылды.

70-жыллардың басында жергиликли халық ўәкиллериниң уқыплы, искер, патриотлық, сезими күшли, елим, халқым деп жан күйдирип ислейтуғын көп қәнигелер қурылыс командирлери өсип жетилисти ҳәм қурылысты жоқары дәрежеге көтерди. Олар елимиздиң мақтанышы, алтын қоры болды.

Республикамызда қурылысты кескин раўажландырып, Қарақалпақстанның қалақлығын сапластырыўды, қурылысқа жан енгизип, қурылыс арқалы халық хожалығының басқа тараўларының раўажланыўы, соның ишинде бизиң шараятымызда аўыр санаат қатарына киретуғын

---

[1] Легечкая Л.А. История рабочего класса советского Каракалпакстана // Вестник КК ФАН УзССР, 1981. №1. 52-55-бетлер.

қурылыстың 1960-жыллардың басында қандай жағдайда болғанлығы, оны қандай мийнетлер менен раўажланғаны, 1975-1980-85-жыллардағы ең жоқары дәрежеге жеткенлигин тарийх көрсетип турыпты. Улыўма қурылысқа жумсалған ири қаржы республика бойынша ҳәр жылы 600-650 млн сомды қурайды. Егер алтыншы бес жыллықта (1956-1960-жж.) халық хожалығын раўажландырыўға Қарақалпақстан бойынша жумсалған ири қаржы 127 млн сомды қураған болса, ал 1970-жыллардың ақырына келип, сол муғдардағы қаржы бир кварталдың өзинде-ақ өзлестирилди[1].

1980-жылдың басына келип, республикамыз бойынша қурылыс сыпатында ислеў ушын ҳәрекетке келтирилген улыўма бирлеспелерди есапқа алынса, сол заман пулы есабы менен олардың (стройиндустрия) қуўаты бир жыл ишинде 1 миллиард сан ири қаржыны өзлестириў мүмкиншилигине ийе еди. Бул тараўға жүзден аслам өндирислик мәкемелер, яғный бетон, темирбетон, асфальт, гранит, мрамор, ҳәк, ағаштан, темирден ҳәм басқа затлардан жасалма буйымлар ислейтуғын заводлар, т.б. киреди.

Усы жыллар ишинде халық заман турмысына муўапықластырылған турақ жайлар менен мәдений орайлар, емлеўханалар, өндирис кәрханалар, саўда-сатық орайлары және де жумыста керек болатуғын барлық үскенелер және буйымлар менен тәмийинленди. Көпшилик қалалар, ҳәтте шеттеги көплеген аўыллар электр қуўаты, ишимлик, суў, газ бенен тәмийинленди.

Республикалар менен иркилмей қатнаса беретуғын асфальт, темир жоллар ҳәм ҳаўа жоллары менен тәмийинленди. Анығырақ айтқанда 406 км темир жол, 3029 км асфальтланған жоллар ел арасын байланыстырыўда, 450 темир бетон көпирлери, ең ири Әмиўдәрья көпири иске түсирилип, Қарақалпақстанда жол қатнас мәселеси биротала шешилди десе қәте болмайды. Республикада барлық санаат тараўларын тез раўажландырыў мақсетинде бәринен бурын ири энергетика санаатын көтерип, оның қуўаты

[1] Сол китапта, 182-бет.

1961-1974-жыллары 340 мың киловатқа жеткизилди. Усы иске түсирилген қуўаттың ярымы ҳәзирги күнлерде де қоңсы Хорезм, Ташаўыз еллерине хызмет етпекте.

Қарақалпақстанның халық хожалығының ә8мийетли тараўы болған қурылысты раўажландырыў бойынша табыслы жумыслардың басында шөлкемлестириўши ҳәм раўажландырыўшы күш болған елдиң атасы Ш.Рашидов турды ҳәм халыққа, елге айрықша меҳрибанлық билдирип, қәўендерлик көрсетти, республика пайдасына шешилиўине жәрдем етип барды, Қарақалпақстанның атын биринши қатарда атап, абырайын жоқары көтерди. Усындай жәрдемлердиң арқасында Өзбекстандағы ҳәм аўқамдағы ири басшылар менен, мәмлекет искерлери менен танысып, елимиз ушын әҳмийетли мәселелерди шешетуғын еди. Бул бизиң тез пәтлер менен раўажланыўымызға тиккелей тәсирин тийгизди.

1960-жылларғы аўҳалды нәзерде тутып, терең талқылап қарағанда, Қарақалпақстан электр қуўатынан халық хожалығында пайдаланыў жағынан Өзбекстанның областлары арасында ең кейинги орында болып, 20-25 жылға артта қалған еди. Бирдей шараятта дерлик жасап атырған қоңсылас Хорезм областынан да әдеўир артта еди.

Бас Түркмен каналы қурылысының басланыўына байланыслы Тақыятас қаласында 1952-жылы дүзилген жойбар бойынша Қарақалпақстан, Хорезм ҳәм Ташауыз областларын электр қуўаты менен тәмийинлеп үлкен пайда келтириў мүмкин болған, қуўаты 24 мың киловатт электроэнергия беретуғын жыллылық электр станциясының қурылысы басланды.

## 2.2. Қарақалпақстанның баслы тараўы болған аўыл хожалығының жағдайы ҳәм оны раўажландырыўда ҳүкиметимиз тәрепинен көрилген иләжлар: табыслар ҳәм машқалалар

Қарақалпақстанда урыс жыллары жумысшы күшиниң жетиспеўи, техниканың болмаўы нәтийжесинде жерлердиң меллиоративлик аўҳалының төменлеп кетиўине қарамастан Орта Азияда пахташылықты қайта тиклеў ҳәм раўажландырыўды талап етти.

1944-1945-жыллары аўқамның батыс тәрепиндеги ғәлле егетуғын районлар фашистлерден азат болыўдан-ақ, Орта Азияда пахта егисин көбейтиўге тапсырма берилген еди. 1946-жылы февральда Орай «1946-1953-жылларда Өзбекстанда пахташылықты қайта тиклеў ҳәм раўажландырыў жобасы ҳәм илажлары» ҳаққында арнаўлы қарар қабыл етти. Соның менен бирге 1946-1950-жылларда Қарақалпақстанда халық хожалығын қайта тиклеў ҳаққындағы карарда да пахташылыққа айрықша әҳмийет берилди.

СССР Министрлер Совети 1954-жыл 21-мартта «1954-1958-жыллары Өзбекстанда пахташылықты буннан былай да раўажландырыў ҳаққында» қарар қабыл етип, онда пахта жетистириўди көбейтиўдиң тийкарғы дереги оның зүрәәтлилигин арттырыўдан ибарат екенлиги атап көрсетиледи. Усы максетте үлкен илажлар: ғаўашаны егип өсириўдиң прогрессивлик усылларын енгизиў, төмен зүрәәтли колхозлар менен совхозларды алдыңғылар қатарына көтериў, колхозлар ҳәм совхозларды аўыл хожалығы машиналары менен тәмийинлеў, көлемин арттырыў, ирригация ҳәм мелиорация бойынша жумысларды кеңейтиў, аўыл хожалығы техникаларынан нәтийжели пайдаланыў илажлары белгиленди.

Ирригация пахташылықты раўажландырыўдың тийкарғы базасы болды. КПСС Орайлық Комитети менен Совет мәмлекети бул тараўға үлкен дыққат аўдарды. Совет мәмлекети ирригация ушын әдеўир қаржы

ажыратты. 1955-жылы Қарақалпақстан АССРындағы суўғарыў системаларын қурыў ҳәм қайта курыўға 1950-жылғы 4167,2 мың манат орнына 7500,5 мың манат жумсалды.

1952-жылы Пахтаарна суўғарыў системасы бойынша Бозжап ҳәм Қырыққыз каналлары қайта қурылды. 1953-жылы Пахтаарна каналының сағасына темир бетон сооружениесин қурыў басланды, оның сыйымлылығын саға бөлимин тереӊ етип қазыў жолы менен жақсылаў бойынша жумыслар иске асырылды. В.И.Ленин атындағы каналға оннан алынған Шоманай каналының төменинде секторлы жабылатуғыны бар беккемлеўши темир-бетонлы сооружение қурылды. Буннан тысқары каналдың саға бөлими 11 км аралықта тереӊ етип қазылды. Қызкеткен каналының саға бөлимине суўдың ағыўын бағдарлаўшы система, ал аяқ бөлимине – ўақытша суў тындырғыш қурылды. Жийи болып туратуғын суў тасқыны автономиялы республиканың хожалығы менен халқына үлкен зыян келтирди, усыған байланыслы стихия ҳәрекетинен қорғаў бойынша илажлар көрилди. Әмиўдәрьяның шеп жағалаўына Хожелиден Қоӊыратқа шекем, оӊ жағалығы бойынша Крейт-Өзек-Шортанбай участкасына қаржылар жүргизилди.

Үлкен ирригациялық жумыслар ҳәм қуўатлы ирригациялық жумыслар ҳәм қуўатлы насослардан пайдаланыў колхозлардың ишиндеги барлық суўғарыў тараўларын қайта курыўға мүмкиншилик туўдырды. 1955-жылдың ақырында 150 колхоз 142 мың гектар майданға суўғарыў тараўларын қайта қурыўдың толық схемасына ийе болды.

Хожалық ишиндеги суўғарыў тараўларын қайта дүзиў бойынша жумысларды иске асырыўдың нәтийжесинде егиске жарамлы 2200 гектар жер айналысқа берилди. Соның менен бирге суў хожалығы органлары суўғарыў тараўларынан пайдаланыўды жақсылаўға көп дыққат аўдарды. Суўғарыў тараўларынан пайдаланыўға қаржы ажыратыў көбейди. Егер 1950-жылы усы мақсет ушын 27787,6 мың манат жумсалған болса, ал 1955-

жылы 32270,2 мың манат жумсалды. Бул қаржыдағы мәмлекеттиң үлеси 1950-жылғы 36,2% тен 1955-жылы 75,7% ке өсти. Мәмлекетлик қаржылардың бундай көбейиўиниң себеби суўғарыў тараўларын тазалаў мәмлекет тәрепинен берилген қуўатлы механизм жәрдеминде иске асырылды.

Бесинши бес жыллық дәўиринде республикада Қарақалпақстан машина-эксковатор станциялары: Хожелиде (1951-ж.), Пахтаарнада (1952-ж.) ҳәм Шымбайда (1953-ж.) үш станция дүзилди ҳәм жумыс иследи. Олардың қараўында 65 эксковатор, ҳар қыйлы маркадағы 80 землесос, «Сормовец» типиндеги 1 землесос, 16 бульдозер, 14 скрепер ҳәм 4 грейдер болды. 1955-жылы механизмлердиң жәрдеминде тазалаў көлеми 72,5% ке орынланды, соның менен бирге 1950-жылы механизмлер менен тазалаў көлеми 14,5%ти ғана қураған еди.

Ирригация бойынша жер қазыў жумысларын механизациялаў менен бирге жер сүриў, ғаўашының қатар арасын ислеў, пахта териў ҳәм ғаўашаны егип өсириў бойынша басқа да жумысларды механизацияластырыў иске асырылды. 1955-жылы автомашиналардың, тракторлардың, комбайнлер ҳәм басқа да аўыл хожалығы техникаларының саны 1940-жылға салыстырғанда 314% ке өсти.

Республика колхозларына мәмлекет тәрепинен берилген үлкен жәрдем 1954- ҳәм 1955-жыллары ғаўашаның егислик майданы 114,4 мың гектарға шекем жеткериўге мүмкиншилик берди. 1954-жылы ҳәр гектардан 17,4 ц ден пахта зүрәәти алынып, мәмлекетке 199 мың тонна пахта тапсырылды. 1954-жылға пахташылықты раўажландырыўдағы табысларға алдыңғы хожалықлардың мийнеткешлериниң пидәкерлик мийнетиниң нәтийжесинде ерисилди. Мәселен, республиканың 193 колхозынан 100 пахта тапсырыў планын арттырып орынлады. 1954-1955-жыллары машина менен пахта териўдиң үлеси өсти.

Усы жағдайлар Қарақалпақстанда аўыл хожалығын, соның ишинде пахташылықты раўажландырыўға кесирин тийгизер еди. Сонлықтанда ирригация тараўын механизациялаў, тазалаў, дамбыларды ремонтлаўға кеўил бөлинди, буның ушын машина-экскаватор станциясын қурыўды талап етер еди. Төртинши бесжыллықта бул тараўды раўажландырыў мақсетинде 100 миллион руб ажыратыў белгиленди[1].

Басқаша жолы да жоқ екенлиги мәлим еди, себеби егисти тамамлаў, жыйнап алыў, суўғарыў системасын тазалаў темпи менен байланыслы еди. Автоном республикасы дийханлары алдына қойылған ўазыйпаларды орынлаўға киристи. «Пахта арна» системасын қайта қурыўға үлкен әҳмийет берилди. Бес жыллық план бойынша бул каналды суў ашыў 1950-жылға белгиленген еди. Және де егин майданшасын 35 мың гектарға, соннан пахта егиўди 19,1 мың гектарға көтериў планластырылған еди. Ирригация системаларын қурыў есабынан 8800 гектар жаңа жерлерди өзлестириў режелестирилди[2].

Пахтаарна каналы республиканың еки түслик районларына, Төрткүль, Беруний районларын суў менен тәмийинлейтуғын магистрал канал еди. Усы еки районның пахта егиў майданы пүтин Қарақалпақстан бойынша егилетуғын майданның 28% қурайтуғын еди, ал өним жыйнап алыўдың 30% ин қурайтуғын еди.

Урыстан кейинги жылларда республикада пахта егиў майданын көбейтиўге қаратылғанына қарамастан «Пахта арна» каналының жағдайы, суў менен тәмийинлеў жағдайының төменлигине байланыслы, пахта жетистириў қыйыншылықларға байланыслы орынланбай қалар еди. Жаңа жерлерди өзлестириў бул каналды түп тамырынан реконструкциялаўды талап етти. Соның ушында 1946-жылы сентябрь айында Қарақалпақстан

[1] Советская Каракалпакия. 1946. 29-июнь
[2] Закон о пятилетнем плане на 1946-1950 гг. Москва. 27-28.

обкомы ҳәм Министрлер Совети Түйемойын каналын қурыўды биринши ўазыйпа етип айрықша қарар қабыл етти[1].

1946-жылы 1-октябрьде еки районның (Төрткүль ҳәм Беруний) 6 мың колхозшылары проекттиң толық қабылланыўына қарамастан, халық қурылысы есабынан канал қурылысы трассасына курыўға кирисип кетти.

Қурылыстың биринши күнинен баслап-ақ колхозшылар үлкен қаҳарманшылықлар менен иске киристи. Қыйыншылықларға қарамастан алдыларына қойылған режеге ерисиў – яғный 1947-жылы бәҳәрге каналды иске түсириў ҳәм атызларға сууды жеткерип бериўди, шамаластырып иске киристи. Жас колхозшылардан жақсы ислеп өзин көрсеткенлерден Еримбет Досымбетов, Шамурат Матсапаев, Алым Хакимовлар күнине 4-5 нормадан асырып жумыс иследи. Үлкен қазыўшылардан Нурым Татыбаев, Айнияз Атамуратов, ҳаяллар бригадасынан Бийке Юсупова «Биринши Намуна» колхозынан, Ниязгуль Каримова, Чини Қурбанова, Тоты Абдуллаева Төрткүль районынан ҳүрметке сазаўар болды.

Төртинши бесжыллықта 11,5 км лик Ленин атындағы канал кеңейтирилди, бул болса суўғарыўдың өткериў мүмкиншилигин 74 куб/секундына жеткерди. Хожели районында «Кенегес» каналының бул болса жер жумысларының көлемин 69 мың куб метрге жеткерди. «Стаханов-арна» («Тентек», «Райком-арна», «Көк өзек» жапларын бириктириўши) 6570 гектар жерди суўғарыўға ерисилди. Жер жумысларының көлеми болса 241,3 мың метр кубты қураған болса, ал барлық қарежет 713,4 мың рубл курады[2].

1948-жылы Шоманай бөгетиниң қурылыс басланды «Шоманай» каналы 1949-жылы 16 мың гектар, яғный 19 колхоздың суўғарылатуғын майданын суўғарыўға 1950-жылы жаңадан Шоманай пахташылық районы дүзилди. Кырқыз массивинде жаңа жерлерди өзлестириў даўам етти. 1948-жылы бәҳәрде 950 гектар жер егилген болса, соның 700 гектары

[1] Советская Каракалпакия. 1946. 5-сентябрь.
[2] АуУОС РК ф. 325. д.12. л.7.

пахташылыққа арналған жерлер болды. Суўғарыў системасын басқарыў ушын кадрлар керек болды. Буған алдынан таярлықлар көрилди. 1946-жылдың басында 17 участкалық техниклер, гидротехниклер оқытылған болса, ал 7 жылдан кейин 219 колхоз мураплар, 34 участкалық техниклер таярланды[1]. Кадрлар таярлаў жумысы оларды басқа қалалардағы техникумларда да оқытылыў менен шөлкемлестирилди.

1946-жылы инженер, техник, мураплар саны 425 қураған болса, ал 1950-жылы суў хожалығы хызметкерлери саны 870 адамға жетти. Айтып өтиў керек төртинши бесжыллық ақырында Қарақалпақстанда халық хожалығы механизмлери келип түсе баслады. Соның ушында 1950-жылға келип шығырлардан биротала қутылыўға алып келди. Егер 1948-жылы аўылхожалығында бир ярым мың (1,5 мың) болған болса, 2 жылдан кейин бирде шығыр қалмады. 1942-жылы 3 насос болған болса, 1948 – 364, ал 1950 – 930 шығырға жетти. Олар арқалы 15805 гектар жер суўғарылды.

Аралдың суўының кем-кемнен пәсейиўине қарамастан орай жер өзлестириў ҳәм суўғарыў жумысларын даўам етти. 1960-жыллары Арал теңизи суўының пәсейўине итибар бермей, орай Әмиўдәрьяның төменги ағысындағы жерлерди үлкен салыгершилик аймағына айландырыў ҳаққында карарға келди. Солай етип, Қарақалпақстан 1962-1965-жыллары тек салыгершилик ушын 7,5 мың гектар жаңа жерлер ашылды, сегиз арнаўлы совхоз ҳәм бир колхоз шөлкемлестирилди. Бул хожалықларда 2,5 мыңнан аслам механизатор ҳәм басқа да қәнигеликтеги салыкешлер жумыс иследи. Олардың пидәкерлик мийнети нәтийжесинде салы тапсырыў көлеми 1961-жылғы 3,5 мың тоннадан 1965-жылы 27,9 мың тоннаға артты. Усы жыллары Қарақалпақстанда пахташылық ҳәм салыгершилик ушын

[1] Мамбетуллаев М. Развитие орошения Каракалпакской АССР. АКД. Ташкент, 42-бет.

жүдә үлкен ирригациялық жумыслар иске асырылды. Қаттыағар ҳәм Бегжап насос станциялары қурылды[1].

Бул жыллары тоталитар дүзими әдеўир кескинлести. Орайдың пахташылық ҳәм салыгершиликти раўажландырыў талабы барған сайын күшейди. 1966-жылы орай 10 жылға арналған қарар қабыл етти, онда аўыл хожалығы ушын мелиорация ҳәм жаңа жерлер өзлестириў жумысларын жедел пәт пенен жүргизиў ўазыйпасы қойылды[2].

Орайдың талабына муўапық Орта Азияда, соның ишинде Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда пахта, салы ҳәм басқа да аўыл хожалық өнимлерин көбейтиў бойынша жобалар ҳәм илажлар исленди[3]. Солай етип, Қарақалпақстанда 1963-жылы басланған Тақыятас ГРЭС и қурылысы, даўам етти. 1970-жылы Түйемойын гидроузели қурылысы басланды. Қаттыағар ҳәм Бегжап насос станциялары жәнe де дәрьяда қалқып жүретуғын ҳәм турақлы насос станциялары қурылды.

Ирригациялық тараўлар инженерлик тийкарында қайта қурыла баслады. Қызкеткен ҳәм Ленин каналларына қосымша каналлар қурылды. Пахтаарна суўғарыў тармағында жаңадан Түйемойын – Пахтаарна каналы қурылысы иске асты. Аўыл хожалығы жоқары мағлыўматлы агроном ҳәм ирригация қәнигелери менен тәмийнлене баслады. Аўыл хожалығына хызмет етиўши ири трестлер, басқармалар ҳәм басқа да мекемелер дүзилди. 1966-жылы шөлкемлестирилген салыгершилик совхозлар қурылысының басқармасы жаңа жерлер ашыў ҳәм салыгершилик совхозларын дүзиў жумыслары менен шуғылланды.

Нәтийжеде 1970-жылы салыгершилик жер майданы 60 мың гектарға жетти, ал барлық суўғарылып дийханшылық егилетуғын жерлер 203 мың гектарды қурады.

---

[1] Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1995. 254-267-бетлер.
[2] Советская Каракалпакия, 1964. 6 июль,
[3] Сарыбаев К. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1986. 158-бет.

Салыгершиликти раўажландырыў мақсетинде салы совхозларын басқарыўға бурыннан тәжирийбели, тахташылық совхозларда абырай-атаққа ийе басшылар жиберилди. Өзимиздиң жергиликли халықтың арасынан салы дақылының тилин билетуғын маман салыкешлер, шебер шөлкемлестириўши бригадирлер, бөлим баслықлары өсип шықты. Халықтың салыға қызығыўшылығы артты. Салыгершилик совхозларының турғынларының хожалықлары анағурлым қурғынласты, ырысқы-несийбеси артты. Ҳәзирги заман талабына жуўап берерлик турақ жайлар менен тәмийинленди, газлестирилди, электр жақтысы барды. Салы себепли бурынлары суў бармай аспек болып жататуғын жерлерге суў барды. Салыкештиң жесе сары палаўы, малына пишени ҳәм жеми молайып қалды.

Салы совхозлары ушын партаў, тоғай астынан 140 мың гектар егислик жерлер инженерлик тәртипте комплексли ашып берилди. Бурынғы елсиз бос жатқан, адам аяғы тиймеген жерлерден 25 қала пишиминдеги совхоз орайлары пайда болды. Олар мектеп, бала бақша, емлеўхана, өндирислик жайлар, ҳәзирги заман үскенелери бар устаханаға ийе болды, ишимлик суў менен тәмийинленди. Көпшилиги газлестирилди, электрлестирилди. Жуўмақлап айтқанда салы жетистириў 1963-жылғы 10 мың тоннадан 1983-жылы 333 мың тоннаға жетти, яғный 33 есе өсти.

Қәнигелестирилген Ленинабад (ҳәзирги Қанлыкөл) районының орайы да салыгершилик районы болғанлықтан салыгершилик есабынан қурылды. Тахтакөпир районы толығы менен салы егиўге өткерилди. Ол жерде аўыл ҳәм қаланы қурыў ушын арнаўлы қурылыс тресты жумыс иследи. Нийетимиз суў жолларын шешкеннен кейин «Қуралпа», «Кеңес», У.Юсупов атындағы совхозларынан Арал теңизине шекемги бос жатқан 100 мың гектарға шекемги, ата-бабаларымыз жайлаған, соң суўсызлықтан көшип кеткен жерлерди аштырып, 4-5 таза совхоз шөлкемлестирип, бурынғы Кеңес районын қайта тиклеп, қосымша 80-100 мың тонна салы

жетистирилетуғын жаңа район ашыў еди. Ўақтында байқалмаған кемшиликлердиң бири – «Қарақалпақирсовхозстрой» мекемеси жобаластырылған ири қаржыны тек ғана таза жер ашыўға жумсап, белгиленген гектарын ашып, ал оларға тийисли өндирислик жайлар қурыў, совхоз орайындағы поселканы абаданластырыў, ишимлик суў менен тәмийин етиў менен шуғылланбай, тағы бир қатар керекли объектлерди салмай таслап кетти. Айырым совхозларда бул кемшиликлер усы бүгинге шекем дүзетилмеди. Қурылған турақ жайлардың, өндирислик объектлердиң, асфалтланған жоллар ҳәм қазылған канал, коллектор, дренажлардың сапасында азы-кем кемшиликлер болды.

Салыға келген қаржыдан Қарақалпақстандағы ҳәмме ирригация тараўлары толығы менен кеңейтилирип, қайта қурылды, ири мелиорация тараўлары пайда болды. Салы совхозлары дүзилмегенде, салыгершиликтеги жоқары жетискенликлер болмағанда арқадағы районлар хожалықтың қайсы тараўы менен мақтаныш етер еди? Халықтың күн көриси қалай болар еди?

Шымбай ҳәм Кегейли, Қуўаныш жарма – Тахтакөпир ҳәм Қараөзек районларын суў менен тәмийин етти. Биринши мәрте суўландырыў тармақларын тазалаў ушын машина-экскаватор станциясы қурылды. Республикамыздың барлық районларында суўландырыў тармақлары басқармасының комплексли бригадалары дүзилип, ҳәр бир колхоз ушын ирригациялық тармақлары қайта ислеў сызылмалары исленип, суўғарыў участкаларын жобаластырыў жумыслары алып барылды.

Орайдың көрсетпеси бойынша Қарақалпақстанда 1950-жылдан баслап шығырдан суўғарыў орнына насостан ҳәм аяқтан суўғарыўға өтиў керек болды. Усы мақсетте 5,6 миллион сом бөлинди. Бирақ бул жаңа тәртип колхозшы-дийханлардың аўҳалын жақсылатпады. Себеби бул жыллары еле насослар жетиспеди, ал аяқтан суўғарыўда дийханлар шығырдың қыйыншылығынан да көбирек ирригациялық мийнет ислеў керек болды.

Әмиўдәрьяның төменги ағысы ҳәм Түркменстан республикасында пахташылықты тағы да раўажландырыў мақсетинде Орай 1950-жылы Бас Түркмен каналы (БТК) қурылысы ҳаққында қарар қабыл етти. Бул канал Тахиатастан басланып, сол жаға Қарақалпақстан, арқа Түркменстан, Сарықамыс ҳәм Узбой арқалы Каспий теңизине барып тутасыўы тийис еди. Бирақ, бул канал қурылысы «қаржы шығыны көп ҳәм экономикалық пайдасы жоқ» деп табылып, 1953-жылы Орай тәрепинен биротала тоқтатылды. Бирақ, соңын ала Әмиўдәрья бассейниндеги басқа республика мәплерин есапқа алмастан Орай Әмиўдәрьяның жоқарғы ағысында узынлығы 1400 шақырым Қарақум каналы қурылысын иске асырыўға рухсат етти. Бул қурылыс пухта белгиленген жобалар арқалы иске асырылмады, нәтийжеде экономикалық жағдайды бираз өзгертип, ақыбети Арал теңизиниң апатшылығына алып келди.

Урыстан кейинги он жыллықта Қарақалпақстан аўыл хожалығының раўажланыўында қарама-қарсылықлар сезиле баслады. Жобаластыратуғын орай, өзиниң сөзсиз ҳүкимдарлығын беккемлеп, Қарақалпақстан аўыл хожалығы бир тәреплеме раўажланыўын белгиледи ҳәм азық-аўқат егинлерин шеклетип, пахташылық егис майданларының муғдарын көбейтип жиберди. Колхозларды ирилетиў исиниң әмелий илажлары бир талай қыйыншылықларға алып келди. Дийханлар психологиялық жақтан үйренген киши аўыллардан ири колхоз поселкаларына көшиўге таяр емес еди. Бул илажлардың унамсызлығы илажлардың тығыз ҳәм тез ўақыт ишинде алып барылыўын да қыйынластырды. Колхозларды ирилетиў барысында колхозшыларды майда аўыллардан тазадан салынған ири поселкаларға көшириўде тарийхый ўақыт жағдайы есапқа алынбаған еди.

1956-жылдың ишинде Пахтаарна каналының ретлестириўши бас иморатының қурылысы тамамланып, Қарақалпақстанның түслик жағындағы Қырққыз массивинде 3177 гектар жаңа жер ашылды[1]. 1956-1960-жыллары

---

[1] Қарақалпақстан АССР тарийхы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 280-бет.

Төрткүл ҳәм Беруний районларында 30 км қашы ҳәм 90 км коллектор тармақлары салынды, Әмиўдәрьяның шеп жағасында Хожелиден Қоңыратқа дейин қашы қурылысы питти. Ирригация қурылысына мәмлекетлик қаржы муғдары өсти (1956-жылы 32,2 млн сом), Пахтаарна (1952-ж.), Шымбайда (1953-ж.) жайласқан Қарақалпақстан машина-экскаватор станциясы 65 эксковатор, 80 землесос, бульдозер, скрепер, грейдер ҳәм т.б. техникаларға ийе болып, бул 1955-жылы ирригациялық тармақлардың 72,5%ин тазалаўға мүмкиншилик берди[1].

1960-жыллардан баслап Арал теңизиниң суўы төменлей баслады. Әлбетте, бул жағдайды жөнлеў ҳаққында илимий-әмелий усыныслар болды, бирақ оларды сол дәўирдеги тоталитарлық дүзим есапқа алмады ҳәм қалай да болмасын суўғарыў ушын, әсиресе пахташылық ушын жаңа жерлерди ҳәр тәреплеме өзлестириўди даўам етти. Сөйтип, пахташылық биротала монокультураға айланды. Қарақалпақстанда басқа егинлер есабынан орай ушын пахта егиў ҳәм тапсырыў жылдан-жылға артып барды. Усы жыллары Қарақалпақстанда пахташылық ҳәм салыгершилик ушын жүдә үлкен ирригациялық жумыслар иске асырылды. Қаттыағар ҳәм Бегжап насос станциялары қурылды[2].

Жерлерди – насослар менен суўғарыўға көбирек әҳмийет берилди. Усы мақсетте 1963-жылы Әмиўдәрья дельталық суўғарыў системасының басқармасы қасында машина менен суўғарыў басқармасы дүзилди. Егер 1958-жылға шекем қазыў жумысларында қол күшинен пайдаланыў даўам етсе, соң бул жумыслар механизм күши менен ислене баслады. Егер 1940-жыллары ирригация тараўында барлығы болып 21651,5 мың сом, оның 7446 мың сомы ғана мәмлекет есабынан жумсалып, қалған 14,205 мың сомы колхозшылар есабынан жумсалса, 1965-жылы ирригацияға сарп

[1] Сол мийнетте, 290-бет.
[2] Қарақалпақстан XIX-XXI әсирге шекем, 293-бет.

етилген 23000 мың сом ири қаржының ҳәммеси дерлик мәмлекет есабынан болды[1].

Аўыр мийнеттиң арқасында егислик жерлерге суў шығарылды, егистиң көлеми көбейди. Суў шыға алмайтуғын бийик жерлерге шығыр қурып, оған түйе, ат қосып, суў шығарылатуғын еди. Аўыл хожалығындағы дийханшылық, шарўашылық жумыслары ҳаял-қызлардың, кемпир-ғаррылардың мойнына шөкти. Басына мүсийбет түскен кемпир-ғарры, ҳаял-қызлар ер жетпеген балалары менен күни-түни жумыс иследи.

Урыстан кейинги жылларында аўылда қалған ҳаяллар менен жумысқа жарамсыз кемпир-ғарры, жаслардың пахта егиўде, оның тәрбиясын өткериўде, ири, майда жапларды қазыўда, әсиресе күндиз пахта отағында, кеште арпа, бийдай орыўда, ал таң ата геўгимде жоңышқа орағында ислеўи сол ўақыттағы жаслардан болған бизлердиң еле көз алдымыздан кетпейди. Сол ўақытларда, аўылларда бригаданы басқаратуғын шала саўатлы бригадирлердиң ис усылы, олардың қаталлығы, ҳәмме бригададағы кемпир-ғарры, жас өспиримлерди алдына салып айдап, ерте турғызып «Сталинниң бир өзи бес жумысты ислеп атыр, ал сизлер еле уйықлап атырсыз» деп атын жетелеп жүрип, ҳәммени азанда ерте оятқан ашшы даўысы усы күнге шекем қулағымыздан кетпейди.

Урыстан кейинги 1946-47-жылларда да аўыл хожалығындағы аўыр қол мийнети даўам етти. Соңырақ бир қатар колхозлар биреҢ сараң НАТИ жер сүриў тракторын, жүк автомашинасын алды. Урыстан келген зыянларды орнына келтириў ураны астында жумыс исленди. Дүканларға азық-аўқат, санаат товарлары түсе баслады. 1947-жылдың ақырында нанды карточка бойынша бөлистириўдиң тәртиби өзгертилип, ашық саўдаға өтти. Сол жыллары Өзбекстан республикасында пахта жетистириўди бир миллион тоннаға жеткериў бойынша барлық бригада баслықлары, майда звенолар, колхоз басшылары «Москва» Кремль, жолдас Сталинге деп ант

[1] Қарақалпақстан XIX-XXI әсирге шекем, 293-бет.

қабыллады. Ҳәр бир ант үш дана етип жазылып, районға, республикаға жиберилди. Онда ҳәр бир звено, бригада, колхоз сол бир миллион тонналық Өзбекстанның пахта қырманына неше тоннасы менен үлес қосатуғыны жазылды. Бул ҳәмме халықты күн-түни пахта атызында мийнет етиўге, көрсетилген пахтаны қалай болмасын жеткериўге мәжбүрледи.

Қарақалпақстан республикасында аўыл хожалығындағы машақатлы аўыр мийнет 50-жылларда да даўам етти. Деген менен Сталин өлген дәўирге шекем бурынғы майда колхозлар бир-бирден жер сүриў тракторын, жүк автомашинасын сатып ала баслады. Бирақ еле халықтың тамағы тоймаған, руўзгершилиги төмен еди.

Колхозларды ирилендирди, бирақ бул иләж бизиң республиканың аўыл хожалығына ондай жақсы тәсирин тийгизбеди. Аўыр мийнет, аз өним алыў, колхозшылардың айлық ҳақысының төмен болыўы даўам ете берди. Сентябрь пленумының қарары бойынша ҳәмме күш Қазақстанда, Россияда тың жерлерди өзлестириўге қаратылды. «30 мыңшылар» ҳәрекети басланды, бирақ ол бизде керекли нәтийже бермеди. Тың жерлерди өзлестириўшилерге кеўил көбирек бөлинип, жаңа техника бизге жөнли берилмеди. Сонлықтан, 50-жыллардың ортасында 500-600 гектар пахта егетуғын колхозда 3-4 НАТИ тракторы, 3-4 универсал тракторы ғана болды. Олар да өнимли ислей алмай бузылып, ремонт талап етип, атызда жатып қалар еди. Бул техникалар колхозлардың өзлериники емес, ал МТСқа қараслы еди. Колхозшылар пахта егиўге жер таярлаў, шелди қолдан көтериў, суўғарғаннан соң оны жығыў, кесек езиў менен бәнт болар еди.

# ҮШИНШИ БӨЛИМ

# УРЫСТАН КЕЙИНГИ 1946-1980-ЖЫЛЛАРЛА РЕСПУБЛИКАДА БИЛИМЛЕНДИРИЎ, ИЛИМ ҲӘМ МӘДЕНИЙ ТУРМЫСЫН ҮЙРЕНИЎ ТАРИЙХЫ

## 3.1. Урыстан кейинги халық хожалығын тиклеў ҳәм раўажландырыў жылларында республикада билимлендириў ҳәм илимге болған талаптың күшейиўи: табыслар ҳәм машқалалар

Республиканың экономикасының, мәдениятының өсип-раўажланыўы жоқарғы басқышларға көтерилиўи ушын биринши гезекте саўатлы, ҳәр тәреплеме билим жаңалықларына қанық кадрларды, әсиресе жергиликли, өзимизде туўып өскен, камалға келген қәдир-қымбатын билетуғын, бизиң жер, суў, климатлық жағдайымызға көнликкен, жасларды тәрбияламай, солардың қатарын көбейтпей турып, елимизди қалақлықтан шығарыў, раўажланған еллер қатарына жеткериў мүмкин емеслиги мәлим еди.

«Баланы жастан» дегендей мектепте оқып, терең билимге тийкар салынбаса, оның келешекте жақсы қәниге болып жетилисиўи оғада қыйын екени мәлим. Солай екен, мектептиң тәлим-тәрбия жумысларын жақсылаў, болажақ кадрларды жасынан оқытып, илимге қанықтырыў, ана журтына садықлығын, елге сүйиўшилигин ертеден тәрбиялаў, жетискенлик, тоқшылық, раўажланыў тек мийнет ҳәм билим арқалы шешилетуғынын балаларға жас басынан уқтырыўға кеўил бөлиў зәрүрлигин турмыстың өзи талап етип отырды.

Усы әдиўли ўазыйпаларды нәзерде тута отырып, биз мектеплердиң материаллық-техникалық базасын көзден өткердик. 1960-жыллардың

басында республикамызда 606 мектеп болып, оларда 150 мыңнан аслам оқыўшылар оқыды[1].

Урыстан кейинги жылларда мектеплерде оқыў тәлимин раўажландырыўға ҳәмде мектеплерди муғаллим кәсибине ийе кадрлар менен тәмийинлеўге үлкен кеўил бөлинди. 1945-1946-оқыў жылында Қарақалпақстанда 448 мектеп болды. 1950-жылға келип олардың саны 502 ге жетти, солардан 39 орта мектеплер, 177 жети жыллық мектеплер, 286 болса баслаўыш класс мектеплери еди. Қарақалпақстан Совет Министрлиги 1946-жыл 16-июльде мектеплерди оқыў жылына таярлаў туўралы қарар қабыл етти, соның себебинен 57 мектеп жайларына (капиталь) ремонт исленди ҳәм де 268 мектепке болса ҳәкленип қойыды[2]. 42 мектеп имаратлары қайта қурылды. 1946- ҳәм 1950-жыллары халық тәлими тараўына 52,0 млн руб ҳәм 74,3 млн рубл ажыратылды[3].

Оқытыўшыларды таярлаўда РСФСР, Қазақстан, Түркменстан менен қатар усы жылларда Өзбекстанның 14 педагогик институты, 38 пед училище, сондай-ақ Т.Г.Шевченко атындағы Қарақалпақ désинституты жәнe де биринши педучилищелер қатнасты[4]. Мектеплерге ҳәр жылы 17000 жас қәнигелер жиберилип турылды. 1971-жылы жоқары мағлыўматлы муғаллимлер саны 101000 адамға жетти. Соған қарамастан мектеплерде қәнигелер таярлаўда жетиспеўшиликлер бар еди. Өзбекстан муғаллимлериниң үшинши съездинде Қарақалпақстан билимлендириў министри Ж.Сейтниязовтың көрсетпелеринде, автоном республикада 1349 муғаллим жетиспеўи, 310 рус тили қәнигеси, 336 физика ҳәм математика муғаллими жетпейтуғынлығы атап өтилди[5].

1969-жылы аўқам ҳүкимети қарары шығып, онда халық билимлендириўди раўажландырыў, улыўма орта билимлендириўге өтиў

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис, 1995. 337-бет.

[2] Эргашев К. Развитие общеобразовательной школы в Узбекистане.: Автореф. дис… докт. ист. наук. Ташкент, 1966. 10-б.

[3] Сол мийнетте.

[4] Сол мийнетте. 12-бет.

[5] Сол мийнетте. 15-бет.

көрсетилген еди, бул қарар 1971-1975-жыллары иске асты. Қарақалпақстан Обкомының биринши секретары Қ.Камаловтың еске түсириўлеринде былай атап өтилген еди.

1948-1949-оқыў жылында 7-классты питкериўшилер саны 2300 адамды, ал 10-классты питкериўшилер саны 430 адамды қурады. 1948-1949-оқыў жылы ақырында оныншы классты питкериўшилер слеты шөлкемлестирилди. Транспорттың болмаўына қарамастан слетқа 330 питкериўшилер қатнасты. Сол 330 питкериўшилердиң 313и жоқары оқыў журтына кирип оқыўды қәледи: солардан аўыл хожалығы институтына 77, медицина – ден саўлықты сақлаў институтына 29, финанс билим журтына 25, педагоглар таярлаў оқыў орнына 162, индустрияллың оқыў орнына 10, басқа университетлерге 12 питкериўши тилек билдирди.

Урыстан кейинги жыллардағы жас жигит-қызлардың оқыўға деген қызығыўшылығы жоқары дәрежеде еди. Жаслар билим алыўға, әсиресе жоқарғы мағлыўматлы болыўға көп қызықты.

1949-1950-жылларға қарағанда муғаллимлер саны биринши-төртинши класслар, бесинши-жетинши, сегизинши-онbackшы класслар ушын 1950-1951-оқыў жылында 186 адамға көбейди. 1949-1950-оқыў жылларында муғаллимлер саны 3126 жетти, солардан 528 ҳаял-қызлар, жоқары билимлиси 126, толық емес орта мағлыўматлысы 627 адам, орта мағлыўматлысы 11639, толық емес орта мағлыўматлысы 734 еди[1]. 1948-жылы (оқыў жылында), оның жыл басында республикадағы оқыўшылар саны 68099 адамға жетти. Жыл ақырына келип олардан 1686 оқыўшы мектептен шығып кетти, жыл ақырына келип 66509 оқыўшы қалды. Оқыўдан шығып кетиў себеплери тийкарынан алғанда халықтың алыста жасаўы, елаттың мектеплерге алыслығы, мәмлекеттиң ҳәкимияттың толық

[1] Султамуратов Б. Развитие школьного образования в ККАССР в послевоенный период 1945-58 гг.: Автореф. дис… канд. ист. наук. Нукус, 1973. С.6. Д.32. л.4.

кеўил бөлмеўшилиги, және де колхоз жатақханаларының жағдайы төменлиги, суўық болыўы еди[1].

Мектеплерди қорлықлы аўҳалдан шығарыўдың бирден-бир жолы усы еди. Бизиң сол ўақытлардағы ислеген ҳәрекетлеримиз босқа кетпеди, ол өзиниң жемисин берди. Ҳәмме басшы мектеп қурыўды, ал бизлер қурылыс материаллары менен тәмийинлеўди өз мойнымызға алдық[2].

1965-жылы республика бойынша мәмлекетлик ҳәм кооперативлик мекемелер, колхоз ҳәм совхозлар тәрепинен барлығы болып, 1284 орынлық еки-үш мектеп ғана салып питкерилген болса, 1966-1980-жыллары 91300 орынлық 170 мектеп салынды[3].

1981-84-жыллары мектеп қурылысының көлеминиң тағы да кескин көтерилиўине ерисник. Усы 4 жыл ишинде 32500 орынлық 65 мектеп, яғный ҳәр жылы орта есап пенен 16-17 мектеп пайдаланыўға берилди. Мәмлекетлик ҳәм кооперативлик мектеплер, колхоз ҳәм совхозлар тәрепинен ири қурылыс жобалары тийкарында буннан басқа хожалық усылы менен де көплеген мектеп ҳәм қасынан қосымша класслық жайлар салынып, пайдаланыўға берилди.

1960-жылларда биринши классқа 25 мың әтирапында бала қабыл етилген болса, олардың саны 1980-жылларға келип 40 мың балаға жетти. Ал оқыўшылардың жалпы саны 1960-жыллары 150 мың болса, 1983-жылға келип 284,4 мыңға жетти.

Мектеп билимин раўажландырыў 60-80-жыллар аралығында Қарақалпақстанның аўыллық жерлеринде ғалаба орта билимлендириўге өтиў иске асырылды. Баслаўыш, жети жыллық ҳәм орта билимлендириў 1966-1975-жыллары 1966-жылға салыстырғанда 120F ке өсти, оқыўшылар саны болса 146F ке көтерилди. Республиканың ҳәр бир аўыл турғыны орта билим алыўға тийисли еди. Жоқары, орта арнаўлы, орта билим (толық ҳәм

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде, 334-б.
[2] Сол мийнетте.
[3] Сол мийнетте, 335-бет.

толық болмаған) саны 1000 турғынға 1939-1959-жылларда 10 есеге көбейди ҳәм ақырғы 30 жылда (1959-1989-жыллары) 2,6 есеге көбейди.

**Қарақалпақстан бойынша мектеплер саны**

**1-таблица**

| | 1970 | 1980 | 1985 | 1990 |
|---|---|---|---|---|
| | 622 | 658 | 665 | 689 |
| Ондағы оқыўшылар саны | 194344 | 255478 | 287998 | 317256 |
| Соның ишинде: | 556 | 562 | 557 | 564 |
| Оқыўшылар саны | 119747 | 158622 | 176394 | 194839 |
| Оқытыўшылар саны | 10221 | 16320 | 16892 | 26345 |
| Аўылдағы оқытыўшылар саны[1] | 7121 | 10985 | 11150 | 17121 |

Ташкентте Өзбекстан Илимлер Академиясының дүзилиўи шешиўши роль ойнады. 1945-жылы Нөкисте Өзбекстан Илимлер Академиясының көшпели сессиясы болып өтти. Онда Қарақалпақстанда илимий изертлеўлерди кеңейтиў бойынша бир қатар илажларды әмелге асырыў уйғарылды.

1947-жылы Қарақалпақстан Министрлер Кеңеси жанынан 1939-жылы дүзилген Тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институты Өзбекстан Илимлер Академиясының қурамына кирип, Қарақалпақ экономика ҳәм мәдений илимий-изертлеў институты болып қайта дүзилди. Оның биринши директоры Нәжим Дәўқараев болды. Институтта тил ҳәм әдебияттан басқа экономика, тарийх, мәденият ҳәм биология секторлары ашылды. Бул институттың дүзилиўи жоқары маманлықтағы қәнигелерди республика ушын илим кандидатлары менен директорларын таярлап шығарыўға кең мүмкиншиликлер туўдырды. Усы институт арқалы Москва ҳәм басқа да Орайлық қалаларға оқыўға аспирантлар жиберилди.

[1] Ст.сборник. 1974. 57, 58 бет.

1959-1960-жыллардан баслап Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалы республиканың илимий мекемелери ушын илим кандидатлары менен докторларын таярлап бериўши ҳақыйқый орай болды. Республиканың илимий дәрежеге ийе барлық алымларының 60 проценти Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалынан шықты.

1972-жылы Қарақалпақстанда бир қатар басқа да илимий мекемелер ашылды. Ташкент онкология ҳәм радиология институтының филиалы, Ташкент салыгершилик институтының филиалы ҳәм Өзбекстан педагогика илимлериниң илимий изертлеў институтының филиалы. Бул Қарақалпақстанда илимниң өсиўи менен илимий изертлеўлердиң кеңейиўине жол ашып берди.

Аўыл муғаллимлери саны 2,5 есеге көбейди, әсиресе баслаўыш ҳәмде толық емес билим бериўшилер саны көбейди.

Оқытыўдың жаңа бағдарламасы бойынша алып барылыўы биринши ҳәм де екинши класс оқыўшылары толығы менен өткерилди, ал төртинши-оныншы класларда көпшилик пәнлер бойынша жаңа бағдарламаға өтилди. 1967-1970-жыллары 100 сегиз жыллық мектеплер орта билим бериў мектеплерине өзгертилди. Билим ҳәм тәрбиялық жумыслардың сапасы жақсыланды, мектеплердиң материаллық базасы беккемленди.

Халық билимлендириў тараўына қаржы бөлип шығарыў бираз көбейди, 1970-80-жылларда мәмлекет тәрепинен усы мақсетке муўапық қаржылар: 1970-жылы 32,3 млн., 1975-жылы – 49,7 млн., 1980-жылы – 66,6 млн., ал 1983-жылы-78,2 млн. рубльге көбейди[1].

1970-71-жыллар басында Қарақалпақстанның аўыллық жерлеринде 556 орташа билим бериў мектеплери болып, онда 119147 оқыўшы оқыды, соның ишинде 9 мың баслаўыш, 295 мың толық емес орта ҳәмде 81523 – орта билим бериў мектеплерде. 1976-80-жыллары аўыллық жерде 156 мектеп

[1] Ст.сборник. Народное хозяйство 50 лет. 1975, 8-б.

қурылды, 59 мың оқыўшы орнына есапланған, 81 мектепке шекемги мекемелер қурылды. Усы жылларда орта мектепти тамамлағаны ҳаққындағы аттестаты 14600 жигит, қызлар алды, сегиз жыллық мектепти 20400 оқыўшы питкерди.

1984-85-жыллары аўылда 106 мектеп, 21 балалар бақшасы 2700 орынлық қурылды. 1985-86-оқыў жылы басында аўыллық жерлерде 557 мектеп болып, онда 176433 оқыўшы, соннан баслаўыш билим – 3722, толық емес орташа билим – 28216, орташа билим – 144456 адам алды[1].

1958-жылы институт Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақ комплексли илим изертлеў институты болып, қайта дүзилип, онда бир қатар жаңа илимий бағдарлар химия, биология, геология ҳәм ихтиология тараўлары шөлкемлестирилди. Институт директоры Рзамбет Қосбергенов болды (1953-1959). 1958-жылы Шымбайда Өзбекстан Аўыл хожалығы академиясының Дийханшылық институты ашылды. Бул института пахташылық ҳәм ғаллешилик бойынша изертлеў алып барылды.

1959-жылы Комплексли институт негизинде Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалы дүзилип, оның биринши баслығы Марат Нурмухамедов болды (1959-1961-жж.). Соң филиалға Сабыр Камалов басшылық етти (1961-1996-жж.). 1966-жылға шекем филиалда бир институт – Тарийх, тил ҳәм әдебият институты (директорлары: Я.М.Досумов (1959-1963) ҳәм Қ.М.Мақсетов (1963-1985) иследи.

1976-1984-жыллар аралығында аўылхожалығы факультетинде 1000 аслам қәнигелер: агроном, инженер, бухгалтерлер, экономистлер таярланды. 1977-жылы университетте ҳуқықтаныў бөлими ашылды. 1979-жылға келип 1000 ислеўшиниң республикада 813 ислеўши жоқары ҳәм орта билимге ийе болды[2].

1985-1986-оқыў жылында университетте 10 факультет жумыс иследи: филология рус тили ҳәм әдебияты, математика, физика, тәбийи-

[1] Ст.сборник. Народное хозяйство 50 лет. 1975, 18-б.
[2] Сол мийнетте, 26-бет.

географиялық, ауылхожалық - экономикалық, тарийх, романо-герман, филология, дене тәрбия, сыртқы ҳәм таярлық бөлимлери. Университетте 12 оқыў тәрбия корпусы, 92 лаборатория оқыў-тәлим кабинети, есаплаў орайы кабинетлери ислеп турды.

Онда Қарақалпақстанда илимий изертлеўлерди кеңейтиў бойынша бир қатар илажларды әмелге асырыў уйғарылды.

1947-жылы Қарақалпақстан Министрлер Кеңеси жанынан 1939-жылы дүзилген Тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институты Өзбекстан Илимлер Академиясының қурамына кирип, Қарақалпақ экономика ҳәм мәдений илимий-изертлеў институты болып қайта дүзилди. Оның биринши директоры Нәжим Дәўқараев болды. Институтта тил ҳәм әдебияттан басқа экономика, тарийх, мәдeният ҳәм биология секторлары ашылды. Бул институттың дүзилиўи жоқары маманлықтағы қәнигелерди республика ушын илим кандидатлары менен директорларын таярлап шығарыўға кең мүмкиншиликлер туўдырды.

Усы институт арқалы Москва ҳәм басқа да Орайлық қалаларға оқыўға аспирантлар жиберилди. Қарақалпақстаннан ең биринши филология илимлериниң докторы дәрежесин алыў ушын докторлық диссертациясын жақлаған алым Нәжим Дәўқараев болды (1951 ж.).

1958-жылы институт Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақ комплексли илим изертлеў институты болып, қайта дүзилип, онда бир қатар жаңа илимий бағдарлар химия, биология, геология ҳәм ихтиология тараўлары шөлкемлестирилди. Институт директоры Рзамбет Қосбергенов болды (1953-1959). 1958-жылы Шымбайда Өзбекстан Аўыл хожалығы академиясының Дийханшылық институты ашылды. Бул института пахташылық ҳәм ғаллешилик бойынша изертлеў алып барылды.

1959-жылы Комплексли институт негизинде Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалы дүзилип, оның биринши баслығы Марат Нурмухамедов болды (1959-1961-жж.). Соң филиалға Сабыр Камалов

басшылық етти (1961-1996-жж.). 1966-жылға шекем филиалда бир институт – Тарийх, тил ҳәм әдебият институты (директорлары: Я.М.Досумов (1959-1963) ҳәм Қ.М.Мақсетов (1963-1985) ҳәм бес сектор (тәбийий ҳәм экономикалық тараўлары) ислеп турды. Баспа органы болған ӨзРИА Қарақалпақстан филиалының «Хабаршысы» шөлкемлестирилди.

1959-1960-жыллардан баслап Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалы республиканың илимий мекемелери ушын илим кандидатлары менен докторларын таярлап бериўши ҳақыйқый орай болды. Республиканың илимий дәрежеге ийе барлық алымларының 60 проценти Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалынан шықты. Филиалдың ашылыўы республикада илимий кадрлар таярлаўда үлкен әҳмийетке ийе илимий мекемеге айналды. Москва, Ленинград ҳәм Ташкенттиң илимий мекемелери Қарақалпақстанда илимди раўажландырыўдың көплеген әҳмийетли мәселелерин шешиўге белсене қатнасты.

Қарақалпақстан илимпазлары республиканың экономикасын ҳәм мәдениятын раўажландырыў ушын үлкен әҳмийетке ийе бир қатар мәселелерди ислеп шықты.

Филология илимлериниң докторы Н.Дәўқараев, ӨзССР Илимлер академиясының хабаршы ағзасы Я.М.Досумов, ӨзССР Илимлер академиясының академиги М.К.Нурмухамедов, филология илимлериниң докторлары Қ.Айымбетов, Н.Жапақов, З.А.Насруллаева, педагогика илимлериниң докторлары Ж.Орынбаев, Н.Орынбаев, тарийх илимлериниң докторы Р.Қосбергенов ҳәм басқалар илимди раўажландырыўға әдеўир үлес қосты. ӨзР ИАның академиги С.К.Камалов, академияның хабаршы ағзасы И.Т.Сағыйтов, ӨзР Аўыл хожалығы илимлери академиясының академиги Ж.Медетуллаев, филология илимлериниң докторлары Д.С.Насыров, Е.Бердимуратов, О.Доспанов, С.А.Ахмедов, Ҳ.Ҳамийдов, К.М.Мақсетов, К.Мәмбетов, С.Баҳадырова, ӨзР ИАның хабаршы ағзасы, философия

илимлериниң докторы, профессор Ж.Базарбаев, экономика илимлериниң докторлары Х.Бабажанов, А.Матекеев ҳәм басқалар тарийх, әдебияттаныў, тил билими, философия, экономика тараўында кең изертлеў жумысларын жүргизген.

ӨзР Илимлер академиясының академиги Ч.А.Абдиров, хабаршы ағзасы А.Б.Бахиев, биология илимлериниң докторы Р.Т.Тлеуов, медицина илимлериниң докторы Т.Ещанов, профессорлар С.Е.Ережепов, Ж.Қутлымуратов, Қ.Өтениязов, М.Тлеўмуратов, Ш.Тлеўбергенов ҳәм басқалар илимниң ҳәр қыйлы тараўларында әҳмийетли мәселелерди изертлеген.

Қарақалпақстан илимин раўажландырыўда ҳаял-қызлардан биология илимлериниң кандидатлары Л.П.Павловская, П.Ержанова, И.Жолдасова, Ф.Жалменова, химия илимлериниң кандидаты С.Алламбергенова, филология илимлериниң кандидатлары Р.Есемуратова, Т.Қурбанбаева, тарийх илимлериниң кандидатлары А.Бекмуратова, А.Абдуллаева, Р.Оразбаева, А.Авезова, Я.Абдуллаева, философия илимлериниң кандидатлары Д.Сабурова, Г.Жаңабаева, көркем-өнер изертлеў илиминиң кандидатлары Т.Адамбаева ҳәм басқалар үлкен илим-изертлеў жумысларын жүргизип келген.

Республиканың илимий дәрежеге ийе барлық алымларының 60%ти Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалынан шықты. 19660жылы филиалдың қурамында өзинде бар лабораториялар негизинде Комплексли тәбийий илимлер илимий-изертлеў институты ашылып, директоры М.Тажетдинов (1966-1973-жж.) болды. Оннан кейин ол института Р.Тлеуов, Ж.Саманов, Ш.Абдиров, Р.Реймов ҳәм А.Бахиевлар директор болып Ш.Қаниязов, оннан соң Ж.Сулейманов иследи. Ҳәзир Н.Қ.Айымбетов ислеп келмекте. Солай етип филиалда 1990-жылға шекем илимий изертлеўлер иси институтта ҳәм бир ботаника бағында алып

барылды. 70-жыллары филиал Қарақалпақстанның ең ири илим орайына айланды.

1972-жылы Қарақалпақстанда бир қатар басқа илимий мекемелер ашылды. Ташкент онкология ҳәм радиология институтының филиалы, Ташкент салыгершилик институтының филиалы ҳәм Өзбекстан педагогика илимлериниң илимий-изертлеў институтының филиалы ашылды. Бул Қарақалпақстанда илимниң өсиўи менен илимий изертлеўлердиң күшейиўине жол ашып берди.

1990-жылға келе Қарақалпақстанның илимий потенциалы айтарлықтай өсти. Нөкистен докторлық диссертация жақлағанлар саны 50 ге, ал кандидатлық диссертация жақлағанлар саны 400 ге жетти. Олардан үшеўи: – М.Нурмухамедов (1974-ж.), С.Камалов (1979-ж.), Ч.Абдиров (1989-ж.) Өзбекстан Илимлер Академиясының академиклери, ал төртеўи – Я.Досумов (1956-ж.), И.Сағитов (1966-ж), Ж.Базарбаев (1989-жж.) ҳәм А.Бахиев (1989-ж.) ӨзРИА Хабаршы ағзалары болып сайланды. Бул көрнекли алымлар менен бир қатарда бир қанша илим докторлары Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, С.О.Усмонов, Р.Қосбергенов, У.К.Шалекенов, Р.Реимов, Р.Тлеуов, В.Н.Ягодин, С.Кабулов, Қ.Мақсетов, Д.Насыров, Ҳ.Ҳамидов, З.Насруллаева, Е.Жақсымов, М.Ибрагимов, С.Баҳадырова ҳәм т.б.

Қарақалпақстан Республикасында табийий ҳәм жәмийетлик гуманитарлық илимлериниң раўажланыўына ҳәм қәнигелер раўажланыўына үлкен үлес қосты. Соның менен бирге, айтып өтиў керек, Қарақалпақстан ушын жоқары маманлықтағы қәнигелерди таярлаўда Ташкент, Москва, Санкт-Путербург, Алматы, Новосибирск, Киев ҳәм т.б. бурынғы СССРдан көплеген қалаларынан келип ислеген алымлар өзлериниң пидайы хызметлерин атқарып, жәрдем көрсетти.

Урыстан соңғы жыллары қарақалпақ әдебиятына өзлериниң көркемли изертлеўлери менен буннан былайда раўажланыўына табысларын

тәмийинленетуын жас талантлар Ф.Жумамуратов, Х.Турымбетов, И.Юсупов, О.Хожаниязов, Б.Исмаилов, Т.Сейтжанов, Қ.Доспанов ҳәм басқалар келип қосылды.

60-90-жылларда қарақалпақ әдебиятында ҳәр қыйлы жаңа әўладлар – Г.Есемуратова, К.Мамбетов, Ҳ.Хамидов, С.Бахадырова, К.Камалова, Худайбергенов К., Ж.Нурымбетов, Т.Мәтмуратов, Т.Кабулов, Ж.Избасқанов, М.Нызанов, К.Каримов, С.Ибрагимов, Қ.Дәўлетназаров, А.Атажанов, Ш.Аяпов, О.Абдирахманов, Т.Сарсенбаев, Ж.Муратбаев, О.Хожанов, А.Султанов, Т.Халмуратов т.б.

## 3.2. Урыстан кейинги тиклениў жылларында мәдений ҳәм көркем өнер турмысымызда жүз берген тарийхый өзгерислер: жетискенликлер ҳәм қыйыншылықлар

Көркем өнер ҳәр бир халықтың тарийхый өтмишин, оның мәдений турмыс дәрежесин, миллий өзгешелигин көрсететуғын, неше мың жыллардан берли әўладтан-әўладқа өтип киятырған инсанның бийбаҳа қәдриятларынан есапланады. Бул қәдриятлар бизиң ҳәр биримиздиң күнделикли үй руўзгершилигимизде адым сайын гезлеседи. Бизиң ҳәммемиз ишинде аўнап өскен әшекейли ақ отаўдың ойма нағыс салып безелген есик қаслы ергенегинен баслап қызыл, ақ басқурлар аймалаған уйықлардың ушындағы пөпек баўлы, шаңарағына шекем кисиге заўық бағышласа, үйдеги арша, сандық, текиймет, гилем, көрпеше, ҳәтте ыдыс-табақ сыяқлы дәскелердиң бәринде көркем өнердиң излерин көрип, ләззет аламыз. Әзелден гөзаллыққа шайда халқымыз услап-тутқан нәрсе-қараларының кеўилге қонымлы, татымлы болыўына қызыққанлығы себепли ел ишинде өнер десе он бармағы ойылған шеберлер, ағаштан түйме соққан атақлы усталар, дуўтарының дәстесине булбул қондырған хош ҳаўаз сазенделер көп болған. Той-мерекелерде, ҳайтларда, гештеклерде, ҳәр

қыйлы байрамларда көркем өнер шеберлери айрықша көзге түскен. Көк көйлек кийип, қызыл киймешектиң үстинен жипек жегде жамылып, өңир моншақ қыз-келиншеклер мерекелерге сән берген сазенде йошына йош қосып лапызын ҳәўижлеткен. Халқымыз сүйип тыңлайтуғын

«Түрмениң сыртынан айдыллы шалып»,

«Көк көйлек ишинде илгекли түйме»,

«Мениң ярым кийер зербап дарайы»,

«Сылқылдайды геўишиниң өкшеси» сықлы қосық қатарлары мине усындай заўықланыўлардан дөреген болса керек.

Халқымыздың мақтанышы болған Жийен жыраў, Бердақ, Әжинияз, Өтеш сықлы сөз шеберлери[1] өз заманында шайыр сыпатында да, алым, тарийхшы, сазенде, ҳәтте композитор сыпатында да елге хызмет етип танылғаны, қарақалпақ көркем өнериниң раўажланыўына салмақлы үлес қосқаны, бүгинги күнге шекем халық аўзында сақланып келген теберик намалардың биразын усы талант ийелериниң дөреткени даўсыз деп ойлайман.

Халықтың алтын ғәзийнесине айналған усындай сазлар менен қосықларды ел аралап жүрип йошлы лапыз бенен жаңлатқан бақсы, жыраўлар, қыссаханлар көп болған. Солардың арқасында бул бийбаҳа дөретпелер әўладтан әўладқа өтип, бизиң әсиримизге шекем жетип келген. Бизиң заманласымыз Қаражан бақсы, Айтжан Хожалепесов, Есжан Қосполатов, Жапақ Шамуратов, Қыяс Хайратдинов, Аббаз Дабылов ҳәм басқалар[2], бул халықлық дөретпелердиң өмирин мәңгилестириўге, жаңа заманға сай жаңа мазмун берип жаңартып, байытып, халық арасында кең таратып, көп шәкиртлерге устазлық етип, журтшылықтың иззет ҳүрметине миясар болды.

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995. 418-б.
[2] Сол мийнетте, 418-б.

Өтмишке нәзер салсақ, бурынлары да ел ағалары өз халқының миллий дәстүрлериниң, үрп-әдетлериниң сақланыўына, көркем өнердиң раўажланыўына үлкен кеўил бөлгенлигин тақыйық көремиз. Дуйым журтқа аты кеңнен жайылған жүйрик тилли шешенлердиң, шайырлардың айтысы, бақсы жыраўлардың жарысы уйымластырылып турған. Жеңимпазлар сыйлықланған сондай-ақ ел басқарған бабаларымыз ел ишинде қолы гүл шеберлердиң қатарын көбейтиў менен бирге, қол өнери кәсибиниң аўладтан-әўладқа өтиўине де үлкен итибар бергенлиги мәлим.

Қолының өнери бар усталар, зергерлер, гилем тоқыўшылар, үйшилер, гүләлшылар, ҳәтте ер-турман соғып, жона тигиўшилер елдеги сыйлы адамлар болған. «Өнерлиниң өриси кең», «Усталы ел дүзелер», «Өнерлиниң қолы алтын» - деген нақыл сөзлер халықтың оларға иззет ҳүрметин көрсетеди.

Халықтың көркем өнери, оны раўажландырыў мәселелери бизиң дәўиримиздеги басшылардың да дыққат орайында болды.

Қарақалпақстанның әўелги басшылары Аллаяр Досназаров та, Қасым Әўезовта, олардан кейинги басшылар да[1] қарақалпақлардың тили ҳәм әдебияты менен бир қатарда, көркем өнеринде изертленип, үйренилиўи ҳәм оны раўажландырыў жолында көп жумыслар ислеген еди. Жигирмаланшы жыллары Әбдираман Өтепов басшылығында шөлкемлескен ҳәм қалың ел ишинде зор хызметкери менен кеңнен танылған «Таң нуры» труппасы[2] 30-жыллардың басында ҳәзирги Бердақ атындағы театрдың дүзилиўине тийкар болды. Урыстан кейинги жылларда көркем өнер менен шуғылланған ел ақсақаллары арасында Наўрыз Жапақовтың хызметлери айрықша болды.

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995. 420-б.
[2] Сол мийнетте, 420-б.

20-30-жыл даўамында ислеген тәжирийбесиниң арқасында өңменлеп киятырған кексе адамлар еди. Артистлердиң сахнаға кийип шыққандай оңлы костюмлары болмағанлықтан, гейде бир костюмде еки-үш номер атқаратуғын жағдайлар жийи гезлескени ҳеш кимге сыр емес. Сазенделердиң қолында ҳәзирги заман талабына сай келетуғын саз әсбаплары болмаған. Сахнаға жарасатуғын костюмлерди тиктириўге ҳәм саз әсбапларын сатып алыўға қаржы бөлип шығарылмады. Қулласы 60-жылларға шекем Қарақалпақстанға сырттан басшы болып келгенлер арасында халқымыздың миллий көркем өнерин, оның әдебияты менен әжайып дәстүрлерин түсинетуғын адам болмағанлықтан, көркем өнерге жетерли дәрежеде кеўил бөлинбеген. Нәтийжеле көркем өнер заман талабы дәрежесинде өсип раўажланбады.

Ҳәр бир халық ең аўели өзиниң көркем өнери менен танылады. Қарақалпақ халқы да басқа халықлар сыяқлы өнерге, талантларға бай екенлигин жоқарыда айтып өткен едик. Сахна шеберлерин, художниклерди, сазенделерди, лапызлы хош ҳаўаз жигит қызларды көплеп таярлаўды биринши ўазыйпа етип белгиленди. Олар арнаўлы оқыў орынларына жиберилди. Соның менен бирге, ел ишиндеги талантларды таўып, тәрбиялаўға да үлкен кеўил бөлинди. Сырттан бай тәжирийбеге ийе белгили қәнигелер шақырылып, олар усы жас талантларға сахна сырларын ийелеў жолларын үйретип, көп жемисли жумыслар алып барды.

Көркем өнер тараўындағы жумыслар аңсатлық пенен көшпейтуғын еди. Бир жағынан, көркем өнер ғайраткерлери өз үстинде көп ислеўи, излениўи тийис болса, екинши жағынан, олардың шеберлигин, талантын раўажландырыўға жәрдем етип, хызметлерин өз ўақтында баҳалап, абырайын ҳәм атағын көтерип, материаллық жақтан қоллап-қуўатлап турыў талап етилер еди. Сонлықтан, көп жыллар даўамында сахнада халыққа тамаша көрсетип, айрықша таланты менен көзге түскен ҳәм

жәмийетшиликтиң терең ҳүрметине миясар болған көркем өнер шеберлерине мәмлекетлик сыйлықлар, ҳүрметли атақлар берилип, мийнетлери ылайықлы баҳаланып барылды. Олардан Айымхан Шамуратова СССР халық артисткасы, Юлдаш Мамутов, Гулхан Шеразиева, Рейимбай Сейтов, Төреш Алланазаров, Атажан Худайшукуров, Гулпаршын Сырымбетова, Байрам Матчанов, Тамара Дошумова ҳәм басқа да[1] көплеген сахна шеберлерине Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти деген ҳүрметли атақлар, мәмлекетлик сыйлықлар, ҳүрмет жарлықлары берилди. Айымхан Шамуратоваға[2] СССР халық артисткасы деген үлкен ҳүрметли атақ берилди. Бул Қарақалпақстан көркем өнериниң тарийхындағы уллы ўақыялардың бири үлкемиздиң мақтанышы есапланған сахна шеберине усындай жоқары атақтың берилиўи тек Айымхан Шамуратова ушын ғана емес, соның менен бирге пүткил қарақалпақ көркем өнери ушын үлкен абырай болды.

Көркем өнер ҳәр бир халықтың мәдений раўажланыўының айнасы. Бир елди бир ел көркем өнери арқалы таныйды ҳәм баҳа береди. Сонлықтан, ата мәканымыз Каракалпақстанды дәслеп Өзбекстанға, соң пүткил Аўқамға ҳәм дүньяның басқа мәмлекетлерине таныткан. Усы мақсетте қоңсылас республикаларда, Москвада, Россияның басқа да қалаларында қарақалпақ әдебияты ҳәм көркем өнериниң күнлерин өткериўге, гастроллар шөлкемлестириўге қарар етилди.

Түркменстан ири ўақыялардан есапланған мәдeният күнлери толығы менен Қарақалпақстанның басламасы тийкарында өткерилди десек қәте болмайды.

Мәдeният күнлерин жоқары дәрежеде өткериў мақсетинде оның таярлығына Москвадан, Ташкенттен аты дүньяға белгили көркем өнер

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Каракалпақстан, 1995. 420-б.
[2] Сол мийнетте, 420-б.

ғайраткерлери мирәт етилди. Олар Нөкисте төрт-бес айлап жатып, бизиң атқарыўшыларымыз бенен шуғылланар еди. Ташкенттен СССР халық артисткасы Тамара ханум, «Бәҳәр» ансамблиниң көркемлик жақтан басшысы, СССР халық артисткасы, атақлы балетмейстер М.Турғунбаева, Наўайы атындағы өзбек өнер ҳәм балет театрының бас балетмейстри Г.Измаилова, усы театрдың бас дирижеры Ф.Шамсутдинов, бас балетмейстри И.Юсупов, көркем өнер институтының доценти, балетмейстр И.Прощенко, режиссер М.Садуллаев, Москвадан Пятницкий атындағы хор жәмәәтиниң көркемлик жақтан басшысы Успинова РСФСР халық художниги Мамонтовларды[1] шақырылды. Бул белгили қәнигелер бизиң атқарыўшыларымыз бенен жеке ислесип, олардың шеберлигин арттырыўға үлкен жәрдем етти. Ҳәр он күнликти өткерерде өз алдына композиторларымызға таза музыкалық шығармалар дөретиўге буйыртпалар берилип, таза ойынлар қойылып, олар Г.Измайлова, Л.Петросова[2] усаған көркем өнер ғайраткерлериниң басшылығында әмелге асырылды.

Усылайынша ҳәр сапары мәдений күнлерин өткериўге таярлық көркем өнер ғайраткерлериниң шеберлигиниң артыўына, қәнигелигиниң артыўына, қәнигелигиниң өсиўине өзиниң жақсы тәсирин тийгизди ҳәм атқарыўшылар ушын үлкен бир мектеп болды.

Ҳәр бир халықтың көркем өнери өз миллийлигин сақлай отырып, басқа халықлардың миллий дөретпелери менен суўғарылған болыўы, өз шеңберинде шекленип қалмаўы тийис. Ҳәр бир он күнлик алдынан таярлық ўақтында Ташкенттен, Москвадан шақырылған көркем өнер маманларының бизиң атқарыўшыларымыз бенен ислесиўи олардың қойған номерлери, бизиң көркем өнеримизге басқа туўысқан халықлардың көркем өнериниң

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995. 425-б.
[2] Сол мийнетте, 425-б.

енгизилиуўине жол ашып берди. Соның менен бирге бизиң миллий көркем өнеримиздиң раўажланыўына да ҳәр тәреплеме тәсирин тийгизди.

Мәдeният күнлерин өткериўдиң арқасында халықлар бурынғыдан да жақынласып, бир-бириниң жерин, тәбиятын, халық хожалық тараўындағы жетискенликлерин өз көзлери менен көрди, көркем өнер тараўындағы табыслары менен ортақласты.

1977-жылы қарақалпақтың көрнекли классик шайыры Бердақ Ғарғабай улының туўылғанына 150 жыл толды. Бул сәнени кеңнен белгилеўге таярлықлар көрилди. Бердақтың шығармалары қарақалпақ, өзбек, рус тиллеринде баспадан шығарылды. Мерекеге қатнасыў ушын қоңсылас туўысқан республикалардан, Москвадан, Ленинградтан, елимиздиң басқада қалаларынан белгили сөз шеберлери, атақлы алымлар келди. Олардың арасында Шыңғыс Айтматов, Зоя Кедрина, Гулчехра Сулайманова, Абдулла Арипов, Ғафур Қайырбеков, Асқар Тоқмағанбетов, Аббаз Абдулла[1] ҳәм басқа да атлары дүньяға татылған жазыўшылары бар еди.

Пайтахтымыздағы көркем өнер сарайының алдында уллы шайырға салынған әжайып ескерткиш салтанатлы түрде ашылды. Мәдениятымыздың тарийхындағы ири ўақыялардың бири болған бул мереке халықлар дослығының айқын көринисине айналды. Бердақтың 150 жыллығына арналған салтанатлы кешелер Ташкентте де, Москвада да жоқары дәрежеде өтти. Бердақтың атына университет, совхоз, мәмлекетлик филармония, кинотеатр, мектеплер, көшелер қойылды[2].

1982-жылы декабрьде Ташкентте Қарақалпақстанның мәдeният күнлери жүдә үлкен көтериңкилик дәрежеде өтти[3]. Бағдарламалардың ҳәммеси тазадан исленип, таңлап алынған ең жақсы номерлери қойылды.

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995. 427-б.
[2] Сол мийнетте, 428-б.
[3] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995. 428-б.

Көркем өнер сондай күшли қурал. Ол инсанға илҳам бағышлайды, қулақтың қурышын қандырады, жүректи тебрентеди, патриотлық сезимди оятады, кисиге қанат байлап, ел мәпи ушын уллы ислерге рухлантырады. Соның ушын да ата бабаларымыз әсирлер даўамында көркем өнерди инсанның жан дүньясын ашатуғын бир үлкен күш деп билген, оны тыңлап шаршамаған, нама менен қосылып шайқалып айтыўшыны қыздырып отырған. Халқымыздың тойлары көркем өнерсиз өтпеген. Адамның жүрегин толқытыў былай турсын, ҳәтте нар ийдирген сазларымызды, хош ҳаўаз бақсы-жыраўларымызды тыңлап, олардың өнерпазлығына шайда болған Шохан Уалиханов «Қарақалпақлар-сахра булбиллери» деп айтқан болса, аты дүньяыға машҳур венгер илимпаз-саяхатшысы Каразин ҳәм бир қатар сырт еллердиң саяхатшы илимпазлары бизиң халқымыздың көркем өнерине жоқары баҳа бергенлиги мәлим. Өзлериниң сүйкимли сазлары, нәзик намалары менен жүреклерге жол таўып, халықтың терең ҳүрметине миясар болған композиторларымыз аз емес. Олардың әжайып дөретпелери мың-мың кеўиллерди шадлыққа толтырып, бойда күш-қуўат пайда етип, уллы ислерге рухландырады.

Олардың қатарына биринши гезекте Жапақ Шамуратов, Алимжан Халимовлар киреди. Зор талант ийелери болған Худайберген Турдықуловтың, Абдирейм Султановтың, Нажиматдин Муҳаммеддиновтың[1] кеўилге қонымлы намаларын халқымыз сүйип тыңлайды. Абдирейм Султановтың Әжинияз қосықларына жазған әжайып намалары ким-кимди де толғандырып, татлы сезимлер оятады. Бул намалары ушын оған Бердақ атындағы республикалық сыйлық берилди. Композитор Худайберген Турдықуловтың көп ғана сазлары ойыншылар ушын сахналастырылып, ҳәптеликлер бағдарламасындағы ең ағла номерлердиң қатарынан орын алды.

[1] Сол мийнетте. 433-б.

Өзбекстанда ҳәм Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен көркем өнер ғайраткери, Ҳамза атындағы Өзбекстан мәмлекетлик сыйлығының, Қарақалпақстан жаслар сыйлықларының лауреаты талантлы композитор Нажиматдин Мухаммеддинов қарақалпақ саз өнерин бийик шоққыға көтериў жолында ҳармай-талмай жемисли мийнет етип атыр. Ол қосықтан баслап операға шекемги түрли жанрлардан намалар дөретти. Музыкалық шығармаларда қарақалпақ намаларының ырғақлары кеңнен орын ала баслады. Соның нәтийжесинде тыңлаўшылардың музыкаға деген ықласы артты. Енди олар композиторларымыздан ири-ири шығармалар күте баслады. Буны жақсы түсинген композитор Н.Мухаммедов опера жазыўға отырды ҳәм узақ жыллар мийнет етип, халқымызға биринши «Әжинияз» миллий операсын саўға етти. Халық өз перзентиниң бул саўғасын жақсы қабыллады. Бул операны тек қарақалпақ халқы емес, ал қоңсылас мәмлекетлердиң де саўатлы тамашагөйлери көрип, өзлериниң жоқары баҳаларын берди.

Усы дәўир ишинде өз талантлары менен тек ғана Қарақалпақстанды емес, ал қоңсылас, ҳәтте мәденияты раўажланған еллердиң көркем өнер шайдаларын тәсийин қалдыратуғын талант ийелери өсип жетилискенине биз шексиз қуўанамыз ҳәм бәрқулла оларды мақтаныш етемиз. Талантлы қосықшы Мақсет Хожаниязовтың Рио-де Жанейрода[1] өткизилген халықаралық фестивальда үлкен сыйлық алып қайтаны бул сөзимизге дәлил болады. Базарбай Надыров, Гулпаршын Сырымбетова, Атажан Худайшукуров, Гулхатиша Айымбетова, Мырзагул Сапаева, Бийбираба Өтепбергенова, Базаргул Каримова, Генжебай Тилеўмуратов, Жақсылық Сырымбетов, Турғанбай Қурбанов[2] усаған атақлы қосықшыларымыздың халық алдындағы хызметлери үлкен. Оларды кишкене баладан баслап

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995. 435-б.
[2] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995. 435-б.

қартайған ғаррыға шекем таныйды ҳәм қосықларын ықлас пенен сүйип тыңлайды. Бизиң көркем өнеримиздиң даңқын шығарыўға художниклеримиз де салмақлы үлес қосқанлығын айтып өтиў орынлы. Өзлериниң кеўил сарайындағы ойлары ҳәм сол ойларын қыял қалемлер менен қағазға түсириў шеберлиги бойынша басқалардан ажыралып туратуғын, тасларға ҳәм ағашларға жан енгизип, тамашагөйлердиң жүрек тарларын тербететуғын, олардың рухый дүньясының байыўына үлкен тәсир жасайтуғын художниклеримиз бенен мусиншилеримиздиң қатары соңғы жыллары айрықша көбейди Қәўендер Бердимуратовтың, Қыдырбай Сайыповтың, Жолдасбек Қутлымуратовтың, Жоллыбай Изентаевтың[1] ҳәм басқалардың әжайып дөретпелери көп елерде кеңнен танылды.

Халқымыздың миллий бийбаҳа дурданаларын жыйнаў ҳәм оларды нәсиятлаў исинде музейлердиң тутатуғын орны айрықша Қарақалпақстанда музейди раўажландырыўға үлкен үлес қосқан И.В.Савицкий – Карақалпақ музейин ҳәр тәреплеме байытып көп мийнет ислеген адам[2]. Ол елден миллий кимийлерди, үскенелерди ҳәм ҳәр қыйлы экспонатларды тынбай жыйнар еди. Ол пүткил өмирин мине усы ийгиликли иске арнады. И.В.Савицкий атындағы көркем өнер музейге жер жүзилик майданға шығып, сырт еллерде көргизбелер шөлкемлестирилип атыр.

Композиторлар аўқамы республикамыздың музыкалық күшлериниң дөретиўшилик бирлеспесине айланды. Ж.Шамуратов, Е.Қосполатов, А.Хожалепесов, А.Халимов, Х.Турдыкулов, А.Султанов, А.Қайратдинов ҳәм т.б. өз ўақтында қарақалпақ музыка өнериниң өсиўине үлеслерин қосты. Артистлердиң тәжирийбеси ҳәм дәстүрлерин театр жаслары, сахна шеберлери, художниклер раўажландырып алып кетти. К.Юсупова, Қ.Абдиреймов, Н.Аңсатбаев, Р.Сапарова, С.Маметова, А.Атамуратова,

[1] Сол мийнетте. 435-б.
[2] Сол мийнетте, 435-б.

Г.Сырымбетова, Б.Матжанов, Т.Дошумова, З.Дәўлетмуратова, З.Сапарова, Р.Базарбаева, О.Муратова, Б.Муратов ҳәм т.б. жеке қосық атқарыўшылық ҳәм балет искуствосы табыслары, аяқ ойынлары сахналастырыўшылар жәнe атқарыўшылар менен кеңнен белгили болды.

Республикада мәдениятының, көркем өнериниң раўажланыўында 1970-жылы ашылған Шамуратов атындағы Нөкис мәмлекетлик көркем өнер училищеси, клублар, китапхана жумыслары үлкен роль ойнады. Театр ансамбллери барлығы дерлик музыкалық училищелерди, Ташкент консерваториясын питкерген, Москва, Санкт-Петербург, Алма-ата ҳәм т.б. қалаларда қәнигелигин асырған композиторлар Н.Мухаммединов, Қ.Заретдинов, К.Абдуллаев, Султанов, Алланиязов, М.Жиемуратов, Ж.Лепесов, К.Төлегенов, Т.Есеркепов ҳәм т.б. өзлериниң дөретпелери арқалы үлги көрсетип, устазлық етип, таныла баслады.

Карақалпақ жыраў-бақсыларының жолы өз алдына жасы үлкен әўладлар тәжирийбесинен жас-бақсы жыраўлар қабыл етпекте. Жумабай, Шамурат, Жақсылық жыраў, бақсылар А.Тарихов, О.Торешов, Г.Тлеўмуратов ҳәм т.б. қызығыўшылық пайда етти. Ад суўретлеў өнери тараўында И.В.Савицкий, Б.И.Каминов, Қ.Сағитов, Қ.Бердимуратов, Ж.Қутлымуратов, Д.Төрениязов, А.Өтегенов, Ж.Изентаев, Б.Қарабаев, А.Еримбетов, Р.Мажитов, Ж.Сарсенов, Бегжанов ҳәм т.б. журтшылыққа кеңнен белгили болды.

Композиторлар аўқамы республикамыздың музыкалық күшлериниң дөретиўшилик бирлеспесине айланды. Ж.Шамуратов, Е.Қосполатов, А.Хожалепесов, А.Ҳалимов, Х.Турдықулов, А.Султанов, А.Қайратдинов ҳәм т.б. өз ўақтында қарақалпақ музыка өнерине үлеслерин қосты.

Жасы үлкен артистлердиң тәжирийбе ҳәм дәстүрлерин талантлы театр жаслары, сахна шеберлери, художниклери раўажландырып алып кетти. К.Юсупова, Қ.Абдиреймов, Н.Аңсатбаев, Р.Сапарова, С.Мамбетова,

А.Атамуратова, Г.Сырымбетова, Б.Матжанов, Т.Дошумова, З.Дәўлетмуратова, З.Сапарова, Р.Базарбаева, П.Мадреймов, О.Муратова, Б.Муратов ҳәм т.б. жеке қосық атқарыўшылық ҳәм балет көркем өнери саласындағы табыслары, аяқ ойынларын сахналастырыўшылар жәнe атқарыўшылар халқымыз алдында абройға ийе болды.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Қарақалпақстан халқының урыстан кейинги жыллары тарийхына нәзер салғанымызда төмендеги жуўмаққа келемиз.

1. Екинши жер жүзилик урыс ҳәм урыстан кейинги жыллары қарақалпақ халқының сиясий, социаллық, экономикалық ҳәм мәдений турмысы төмен жағдайларда болды. Қарақалпақстан аграр регион болып орай көрсетпеси тийкарында пахташылық, соң салыгершилик, қаракөл өсириў, балықшылық хожалықты жаңадан раўажландырыўға мийнет етти.

2. Қарақалпақстанның хожалығы ҳәм мәдениятын раўажландырыўда Өзбекстанлы ҳүкимет басшылары У.Юсупов, Ш.Рашидов, Қарақалпақстанлы ҳүкимет басшылар М.Жуманазаров, П.Сейтов, Қ.Камалов, Қ.Маткаримов, Н.Жапақовлардың азаматлық ерликлери, үлеслери бар. Сол жыллары арқа регионда салыгершилик хожалықлар, жаңа поселкалар пайда болыўда, орай менен келисимде болып мийнет еткен Қ.Камаловтың жигирма бес жыллық мийнетин бахалаўымыз керек.

3. Қарақалпақстан халық хожалығында (пахта, салы, пилле ҳәм т.б.) ҳәм мәдениятын раўажландырыўда қарақалпақ ҳаял-қызлардан басшылар Р.Қалбаева, А.Ғайпова, Б.Юсупова, аўылхожалық ислерде бригадир, баслық болып ислеген Р.Сапарбаева, Д.Киркабакова ҳәм тағы басқалардың ҳадал мийнетлериниң орны барын атап өтиўимиз керек.

4. Қарақалпақстанда қурылыстың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыў басқышларында сезилерлик үлес қосқан ел азаматлары болды. Үлкемизде Тахиятас ГРЭС, Тахиаташ плотинасы, Әмиўдәрья көпири қурылды. Республикамызда авто жоллар, темир жоллар қайта иске түсти. Нөкис-Төрткүл, Нөкис-Мойнақ авто жоллары иске түсти. Арқа район дәрўазасы – Шымбайға биринши поезд барды. Республикада газлестириў, электрлестириў жумыслары табыслы иске асты. Қарақалпақстан пайтахты –

Нөкис қаласын абаданластырыў, шырайлы имаратлар қурыў 80-жыллары иске асты. Нөкисте мрамор завод, ҳәк завод, ДСК, газлестириў, суўөткизгиш қурылысы мың халық ушын мөлшерленип қурылды.

5. Қарақалпақстанда санааттың жаңадан қәлиплесиўиде сезилерлик дәрежеде болды. Нөкисте гөш комбинат, Нөкис ун комбинат, Хожели гөш комбинат, Шымбай, Қоңырат, Қанлыкөлде гүриш заводлар қурылды. Төрткүл, Тахиаташта ири ун қаразлар қурылды. Нөкисте вино заводтың өним шығатуғын куўатлығы раўажланды. Қарақалпақстанда ири санаат қурыўға биринши гезекте инфраструктурасын таярлаў (электр қуўаты, газлестириў, суўөткизгиши, канализациясы, турақ жайы, темир жолы, байланыс орайлары, орынлары ҳәм т.б.) өсти. Үлкемизде күшли санаат объектлери қурылды. Нөкисте тоқымашы фабрика қурыў басланды. Нөкисте ғәрезсизлик жыллар КАТЕКС фабрикасы пайда болды.

6. Қарақалпақстан мәденияты, халық билимлендириў ҳәм илимниң раўажланыўы өзгешелиги, өсиўшилиги менен көринди. Урыстан кейинги жыллары гөне мектеплер орнына заманагөй, типовой мектеп қурыў, университетке имарат қурыў сол дәўирде болды. Үлкемизде мектепте электр жарығы жоқ, телефон, радио еситтириўлери жеткиликсиз жайғдайда болғаны анық. Мектеп оқыўшыларына сабақлық, китаплар шығарыў, көркем әдебиятларда баспадан шығарыўда «Қарақалпақстан» баспасының хызметлери үлкен еди. Республикамыздың халық билимлендириўинде Х.Ембергенов, Ж.Орынбаев, Р.Сапаров, Ж.Сейтниязов, Қ.Айымбетов, М.Ғаликеев, О.Болешов, Т.Бекимбетов, Г.Убайдуллаев, А.Есемуратов, К.Бердимуратов, С.Ахметов ҳәм тағы басқалардың хызметлери, орны айрықша.

Республикамызда аўылларда СПТУ, ПТУда он жети түрли кәсипте жаслар билим ҳәм кәсип-өнер алды. Қарақалпақстанда жети орта оқыў орны

– техникумлар, Нөкис Гидромелиоратив, Нөкис медучилище, Нөкис қурылыс техникум, Шымбай, Нөкис, Хожели педучилищелер ашылды.

Үлкемизде орта оқыў орны пайда болды. 70-80-жылы Нөкис мәмлекетлик университети ашылды. Қарақалпақстанда илим докторлары, академик С.Камалов, А.Бабажанов, Ж.Базарбаев, А.Бахиев, Қ.Мақсетов, К.Мәмбетов ҳәм тағы басқалар ел-журттың мақтанышы болды.

7. Қарақалпақстан мәдениятының ҳәм көркем өнериниң раўажланыўында халық жыраў-бақсыларының ҳәм шайыр-жазыўшыларының орны айрықша. Олардан Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов, Тилеўберген Жумамуратов, Қ.Досанов, Қаражан бақсы, Жапақ бақсы, Қыяс жыраў, Есжан бақсы ҳәм басқалардың дөретиўшилиги, хызметлери бар.

Карақалпақстанда көркем өнердиң жаңадан қәлиплесиўинде Өзбекстан зыялыларының үлеси, орны бар, А.Халимов, Лизаханум Петросова, Б.Каменев ҳәм тағы басқалар.

Қарақалпақ театр ҳәм көркем өнеринде, Т.Алланазаров, А.Шамуратова, Ю.Мамутов, Г.Шеразиева, Р.Сейтов, А.Худайшукуровлардың орны, дөретиўшилиги бар. Қарақалпақ халқының көркем өнерин үгитлеў, кең жәмийетшиликке таныстырыўда 70-80-жыллары бирнеше декадалар, ҳәптелик, ушырасыў, юбилейлер өткерилди. Башқуртстанда Қызыл Орда, Татарстанда, Ташкент, Дағыстанда әдебият көркем өнери күнлери өткерилди. Қарақалпақ халқының рухыйлығы, ағартыўшылық нышанларын белгилеў, мәселен, Бердақ шайырдың 150 жыллығы белгиленди. «Қарақалпақ фольклоры» атамада 20 томлық китаплар шықты. Қарақалпакстанда реңли телекөрсетиў пайда болды, қөркем өнер музейи қәлиплести, сондай-ақ көркем өнер училищеси ашылды.

8. Қарақалпақстанда илимий изертлеўде, қарақалпақ тили, әдебияты ҳәм тарийхын үйрениўде 60-80-жыллары нәтийжели ҳәм машқалалары барын көремиз. Қарақалпақ тилин изертлеўде Д.Насыров, Е.Бердимуратов, Ҳ.Ҳамидов, М.Дәўлетов ҳәм тағы басқалар салмақлы үлес қосты. Қарақалпақ әдебиятын изертлеўде Қ.Мақсетов, К.Мәмбетов, М.Нурмухаммедов, И.Сағыйтов, Қ.Камаловлардың үлеси, орны бар. Қарақалпақ тарийхын изертлеўде академик С.Камалов, Р.Қосбергенов, Я.Досумов, Қ.Сарыбаев, М.Сарыбаев, Б.Шамамбетов, Ш.Бабашев, М.Мамбетуллаев, М.Тлеўмуратов ҳәм т.б. мийнетлери бар.

Солай етип Қарақалпақстан халқының урыстан кейинги дәўирине нәзер салсақ, ҳәр бир салада (экономика, сиясатта, мәдениятта, социаллық турмыста) қәлиплесиў, өсиўшилик, раўажланыў ҳәм машқалалары болғаны анық.

Қарақалпақстан Өзбекистан қурамында суверенли мәмлекет болып, базар қатнасықларына сай реформаларды басқышпа-басқыш иске асырып атыр.

## ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

1. Каримов И.А. Прогресс дехканского хозяйства к изобилию. Ташкент: Узбекистан, 1994.
2. Каримов И.А. Узбекистан на пути углубления экономических реформ. Ташкент: Узбекистан, 1995.
3. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Тошкент: Шарқ, 1998.
4. Каримов И.А. Узбекистан буюк келажак сари. Тошкент: Ўзбекистон, 1998.
5. Каримов И.А. Өзбекистан XXI әсир босағасында. Тошкент: Ўзбекистон, 1997.
6. Айтмуратов Ж.А. Развитие культуры Каракалпакстана в 70-90-е г. XX века. Нукус, 1997.
7. Ахметшин Р. Культ-просветительские деятельности Каракалпакстана в 50-60 гг. Нукус, 1999.
8. Базарбаев Р. История формирования научного центра Каракалпакии. Нукус, 1997.
9. Бекимбетов А. Ленинлик кооператив планның иске асырыў тарийхынан. Нөкис: Карақалпақстан, 1972.
10. Мамбетназаров М. Общественные фонды потребления и проблемы социального развития села. Нукус, 1951.
11. Мадреймов Т. История возникновения и развития средств массовой информации Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1997.
12. Муратова П. Қарақалпақстанда интеллигенция кадрларын таярлаў. Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
13. Мустақил Ўзбекистон тарихи. Тошкент: Шарқ, 2000.
14. Мухитдинов И. Годы проведенные в Кремле. Ташкент, 1994.
15. Камалов Қ. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995.
16. Камалов С. Социально-экономическое положение Каракалпакстана и Аральская катастрофа (1917-1990 гг.). Нукус: Каракалпакстан, 1990.

17. Камалов С. Ўәкиллик ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан. 1990. 1-ноябрь
18. Қарақалпақстан тарийхы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
19. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис: Қарақалпақстан, 2003.
20. Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1995.
21. Сарыбаев М. История хлопководства в Каракалпакии. Нукус, 1998.
22. Сарыбаев М. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1920 гг.). Ташкент: А.Навои, 2008.
23. Султанова С. Каракалпакстан в 1946-1960 годы. Нукус, 2001.
24. Утемуратов Б. Дехканское хозяйство Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1998.
25. Шамамбетов Б. Қарақалпақстанның аўыл хожалығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
26. Шамамбетов Б. Аграрное развитие Республики 1965-1985 гг. опыт и проблемы. Нукус, 2015.
27. Тлеўбергенов Ш. Карақалпақстан санаатының өсиў пайты ҳәм дүзилиси. Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.